Кеңесбай Рахманов

# ӨЛИМ ЖАЗАСЫ

алты картиналы мухаббат трагедиясы

Нөкис - 2001 - жыл

# Қатнасыўшылар:

1 Гүлназ

2 Султан

3 Айтгүл - Султанның анасы

4 Сәрдар

5 Атабай

6 Қутыбай-Атабайдың әкеси

7 Дәмегүл-Атабайдың анасы

8 Журналист қыз

9 Оператор

## БИРИНШИ КАРТИНА

Султанның үйи. Әпиўайы аўыл шаңарағының бири. Жаз паслы.

Музыка.

ДАЎЫС: Биреў сени бағлардағы гүл деди,
Биреў сени аспандағы күн деди.
Өмири зая жулдыз яңлы түндеги,
Тек, бир сәтке жарқ еттиң ғой, мухаббат.

(Султан менен Гүлназ қол усласып кирип келеди. Жүзлеринде қуўаныш, жүреклери алып ушқан. Музыкаға қосылып ойнайды.)

Көзлеримде жасқа айланып қалдың сен,
Сөзлеримде тасқа айланып қалдың сен,
Сезбедиң бе не боларын алдын сен?
Ҳәсиретке ғарқ еттиң ғой, мухаббат.

От екенсең жүреклерди күйдирген,
Суў екенсең шөлге липас кийдирген.
Палынды емес, зәҳәринди сүйдим мен,
Өмиримди ант еттиң ғой, мухаббат.

Жаслықтағы көзсиз қуйын екенсең,
Аўзы ойық гөне қуйым екенсең.
Күлдирген, жылатқан буйым екенсең,
Бул дүньямды дәрт еттиң ғой, мухаббат...

Музыка тоқтайды.

СУЛТАН: Мине мениң үйим...

ГҮЛНАЗ: Сениң үйиң бе бул?

СУЛТАН: Жоқ! Жоқ! Енди бул екеўмиздиң үйимиз... Ендиги өмиримиз бирге өтетуғын шаңарағымыз бул, Гүлназ... Гүлназым мениң!...

ГҮЛНАЗ: Қандай жақсы өз уйиңниң болғаны! Қандай жақсы ең жақын адамыңның болғаны! Қандай жақсы жалғызлықтан қутылғаның! Буның бәрине себепкер болған сен бе, мухаббат? Мен анамның мехрийбан қушағында жатпадым, оның ақ сүтинен татпадым, ендиги жағында маған ана бол, мухаббат!... Мен әке дийдарын көрмедим, ол күшли алақанлары менен пешанамнан сыйпамады, ендиги жолларымда маған әке бол,

мухаббат! Сен бинәй өмиримде жүзин көрмеген, сөзин еситпеген, атын билмеген, сырлас болмаған бир ғошшақ жигит ушын мениң жүрегиме сокпақ салып бердиң, енди бул соқпақ гүзарға айлансын... Бизиң тулғаларымыздан бурын жүреклеримизди табыстырдың, илайым, өмиримиздиң ендиги жағы усы жаздай ләззетли болып, бағымыз гүллей берсин!... Султаным... (оның қушағына киреди)

СУЛТАН: Бәри болады, Гүлназ, бәри сениң айтқаныңдай, сениң әрманлағаныңдай болады. Апам қаяқта екен? Тезирек қуўантсақ еди ол байғусты. Тезирек тойымызды басласақ еди, Гулназ... Билесең бе, апам бул тойды жигирма еки жыл күтти.

ГҮЛНАЗ: (Дийўалдағы сүўретке қарайды) Мынаў атам ба?

СУЛТАН: Аўа мениң әкем... ол бийшараға бул тойды көрмеклик несип етпеди. Дүньядан ертерек кетип қалды.

ГҮЛНАЗ: Султан, қапа болма. Рухларын шад етемиз. Өлген болса да сениң әкең бар ғой. Ал, мен... (көзин сыпырады) мен әкемниң тири яки өли екенин билмеймен ғой.

СУЛТАН: Мынандай қуўанышлы күни қапа болмаса, Гулназым. Еле сениң әкенди де, ананды да таўып аламыз.

ГҮЛНАЗ: Жоқ... енди кереги жоқ. Өз арбамды өзим тартыўға бел байлағанман. Балалықтағы сағынышларым көзлеримнен қан болып тамған дәўирде олардың меҳир-мухаббаты керек еди маған. Енди оларға деген жүрегим тасқа айланды, тәғдир соққылары қанатларымды қатайтты. Енди ҳеш қашан, ҳеш қашан жыламайман, Султан! Сен жылатпайсаң ба...

СУЛТАН: Ол не дегениң, жаным-аў. Мыналардың ишинен тапқан гүлимсең ғой сен... Сени жүрегимниң төринде өсирип, көзимниң қарашығында сақлайман, Гулназ. Сен солымас гүлимсең, көзлердиң жаўын алатуғын нурымсаң, Гулназ!

(Анасы Айтгул кирип аң-таң болып қарап турады.)

АЙТГУЛ: Балларым! (екеўи жалт қарап, оған қарай жуўырады)

СУЛТАН: Апа, апа!

ГҮЛНАЗ: Апа! (қушағына өзин атады)

АЙТГУЛ: Шырағым, шырағым! Баўырым! ... (бети-жүзинен аймалап сүйеди) Келдиң бе? Мени излеп келдиң бе, қундызым?!: Сени қанша күттим, көзлерим ағып түсти ғой жолыңда, шолпаным... Мениң де қуўанатуғын күним бар екен ғой. Мениң де аналық мәртебем көкке жететуғын сәтли күним бар екен ғой, айым...

СУЛТАН: Енди болар, апа! Бир- биримизди қушақласып тура берсек...

АЙТГҮЛ: Маўқымды басып алайын, шырағым. Келинимди қушақлаған сайын болажақ ақлығымның ийисин сезип атырғандайман. Бул жападан жалғыз үйде сеннен бурын да, сеннен кейин де нәрестениң қыйқыўы еситилген емес. Тезирек ақлықларым етегиме оратылған бахытлы кемпир болғайман.

СУЛТАН: Боласаң, апа, боласаң! (күледи) Енди мине, усы әрманларыма жетип атырғандайман. Апа, ендигиден былай қазанның басына өзим хожейин боламан. Өкпелемейсиз бе?

АЙТГҮЛ: Шырағым-аў, усы қазанның хызметинен қутылсам деп мен де қанша жыллар әрман еттим. Қудайға шүкир, жеткергениңе, енди ошақтың да, қазанның да, тандырдың да, дастурханның да бийлигин өзиңе тапсырдым, ай келиним !

СУЛТАН: Сизлер яр деўден жумысты ис тапсырып, ис алысыўдан басладыңлар ғой. (күледи) Ҳәй, Гүлназ, сен ҳәммесин түўеллеп ал, ертең мойныңа қазан-табақ түсип жүрмесин. (Ҳәммеси күлиседи) Ҳәзир чайды қойып турайық. Оның үстине, чайға шөлим қанбайтуғын әдетим бар.

АЙТГУЛ: Муздай айран бар ғой.

СУЛТАН: Әне, әне, соны айт! Холодильникте ме?

АЙТГУЛ: Әкең пахыр холодильникти жек көретуғын еди. Кеселдиң бәрин табатуғын сол деп... Подвалда турған шығар.

ГҮЛНАЗ: Подвал да бар ма?

СУЛТАН: (жуўырып кетеди) Ҳәзир әкелемен!

АЙТГУЛ: Әкеси төрги жайдың астының тең жарпын подвал етип еди, бийшара.Бетонлап, поллап. Ыссыдан, суўықтан бузылатуғын нәрселерди сақлаўға жақсы болады екен. Әкеси азық-аўқаттан запас жыйнағанды да тәўир көретуғын киси еди. Қашан болса да алдыңнан шығады деп... бирақ, бийшараның жыйнағанлары тойға буйырмады, өзиниң ас-абатына кетти.

(гүзеге уқсас ыдыста айран көтерген Султан келеди, кеселерге қуяды)

СУЛТАН: Гүлназ, бизиң үйдеги... жаңа үйиндеги татқан бирinши дуз-дәминди айраннан баслай ғой.

АЙТГУЛ: Аўа, қундызым, ҳәммеси айрандай ақ болсын. Жүрегиң де, кеўилиң де гирбинсиз пәк болсын! Жолың да ақ болсын! Әўмийин!

СУЛТАН: Ҳаў, апа, тоқта! Әўмийин дегенди ишип болған соң айтпай ма

екен?

АЙТГУЛ: Ишип болған соң да әўмийин табылады, балам. Тойғанша ише бериң. Қуўғыншылар келетуғын шығар?

ГҮЛНАЗ: Не қуўғыншы?

АЙТГУЛ: Ҳаў, қашып келген қыздың изинен қуўғыншы келмей ме?

СУЛТАН: Пай, апа-әй, Гүлназды детдом қуўып келмесе, басқа қуўғыншысы бар ма?

ГҮЛНАЗ: Султан дурыс айтады. Тойды арқайын баслай бериң.

СУЛТАН: «Тандырды қыздырғанда жап» дейди ғой, апа, қолда бар мал-салды сатыстырып, тез күнде тойды тарқатайық. мениң палўан екенимди билесең бе, Гүлназ?

ГҮЛНАЗ: Сонда не, өзиңниң тойында өзиң гүреспекшисең бе? (күледи)

СУЛТАН: Яғәй, енди онлаған күннен кейин Японияға кетемиз.

АЙТГУЛ: Не дейди, тойды не, сол жақта өткересең бе?

СУЛТАН: (күлип) Ҳаў, апа, мен бир бурынғының ханлары я байлары емеспен қырқ күн той өткеретуғын. Бизиң той деген асып кетсе еки күнде тарқамай ма? Ертеңлери кеңесин өткерип жиберсек...

ГҮЛНАЗ: Японияда не, тойға барасаң ба?

СУЛТАН: Ўаҳа-ха! Қатырдың-аў, Гүлназ! Еркин гүрес бойынша халықаралық жарыс болады. Дүнья жүзинен сайланды палўанлар қатнасады. Егер жеңимпаз болып қайта қойсам, сениң үлесиң болғаны ол, Гүлназ. Бас саўғаны саған бағышлайман.

ГҮЛНАЗ: Бас саўғаны апама инәм етемиз. Сени палўан етип туўған сол ғой, Султан.

АЙТГУЛ: Онда тойды тезлетейик, қулыным. Сен де баратуғын жағыңа арқайын кет. Илайым, жаўырының жерге тиймегей. Әкеңниң әрманы да сол еди.

ГҮЛНАЗ: Атам да палўан болған ба?

АЙТГУЛ: Жас гезинде азлап гүрескен. Соң уялып қурға шықпаған. Бирақ, палўан тулғалы адам еди. Султаным Университетке кирген соң анықлап жолына түсти. Әскерликте жүргенде де көп жарысларға қатнасқан көринеди.

СУЛТАН: Ал, енди, палўанлықты қойып турайық. Күш деген өгизде де бар. Тойды күш пенен тарқатып болмайды. Апа, тойға кимлерди шақырамыз, бурынғы гөне тамыр-таныслар, ағайинлер бар ма, бәрин есиңе түсир. Түни менен дизимин

жазып шығайын. Өзимниң жора-жолдасларыма, Гүлназдың қурдасларына мирәтнама қағазын таярлатайын. Сизлер шүңкилдесип сөйлесип танысып отыра бериң. мен жоралар менен ушырасып, үйленип атырғанымды қулақ-қағыс етип қайтайын. Өкпелесип жүрер. Кеңес той мәселесин ойласайық.

АЙТГУЛ: Таўық-паўық сойып, қазанды атландыра берейик пе? Бул хабарды еситсе изиңе шубырысып ерип келер.

СУЛТАН: Сөйтсе сөйтер-әй, бала. Не деген менен бир жағы той ғой. Ҳәр жерде, ҳәр жерде отырса да қоңсылар да биринен-бири еситип, қутлы болсынға келип қалар. Түйетаўығыңның ең үлкенин соя бер, апа.

АЙТГУЛ: Сен сойып берип кет, балам. Бизлер гилең нашар адам... Мен услап әкелейин. (шығып кетеди)

ГҮЛНАЗ: Тез қайт, Султан. Мени сағындырып қойма тағы...

СУЛТАН: Қайтаман ғой, саған қарай желмаядай желемен ғой, жаным! (қушағына қысады, сүйеди)

ГҮЛНАЗ: Қой, қой, апам көрип қояр... Тезирек күн батсын де, ақшам жулдызлары жымынлассын де, басланып атырған муҳаббатымыз мәңгилик нурларын шашсын де ...

СУЛТАН: Илайым, солай болсын, Гүлназ. Мен палўан болсам да сениң алдында әззимен, мына қара, тула беденим қалтырап тур. Дәў палўанлар менен беллесиўге шыққанымда да дизелерим бүйтип қалтырамас еди. Сениң асаў жүрегинди бағындыра алсам болар еди-аў, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Биринши көргеннен-ақ жүрегимди бағындырғансаң, жаным. Көзлерим биринши қарағанда-ақ сени емес, сениң орнында бахытымды көрген. Мен сениң муҳаббатыңа тәслим болғанман, Султан... (сырттан Айтгүлдиң «Султан, сойып бере ғой» деген даўысы. «Пышақ мында!» деген даўысы)

СУЛТАН: Яқшы, таўықты сойып берейин. (шығады)

ГҮЛНАЗ: Мен де қасында болайын. (шығады. Ўақыт өтиңкиреген болады. Айтгүл менен Гүлназ келеди.)

АЙТГУЛ: Ал, балам, қазанға салдық. Газ өзи қайната береди. Ал, шырағым, әңгимелесип отырайық. (олар отырады) Аўыл-ел қайда? Ата-анаң ким?

ГҮЛНАЗ: Апа, ата-анам ким деген саўал мен ушын оғада аўыр.

Жүрегимди найза менен осып алғандай туйылады. Мени анам туўып бола сала роддомға таслап кеткен.

АЙТГУЛ: Ох, нәрестем-әй...

ГҮЛНАЗ: Соннан жетимлер үйинде, балалар үйинде бағып-қаққан, тәрбиялаған, оқытқан. Көп балалардың, қызлардың изинен я әкеси, я анасы излеп келер еди. Мениң де анам я әкем излеп киятырған шығар деп жолларға көзим ағып түскенше телмирер едим. Бирақ, бирақ... Гүлназым деп ҳеш ким келмеди. Сондағы сағынышларым, әрманларым түни менен уйқлатпас еди. Көзимнен ып-ыссы көз жас батиме жумалап, ийегимнен тамшылар еди. Сонда олар өлген шығар деп өзимди жубатаман. Өлген ғой, өлмегенде мени тири жетим етип қояр ма еди деп өзимди алдайман.

АЙТГУЛ: Ҳәй, нәрестем-әй, нәрестем-әй!

ГҮЛНАЗ: Сағыныш дәрьясына ғарқ болып, айралық отына күйип жүрип балалық дәўирим де өтип кетипти-аў, апа. Бир күнлери сегизинши классты да питкериппен. Енди балалар үйи менен де хошласатуғын дәўирге жетиппен, апа. Ержетип киятырған қусайман. Соннан педагогикалық училищеге оқыўға түстим. Үш жыл оқыдым. Стипендия менен күнелттим. Өткен жазда оны да питкердим. Соннан усы аўылдағы мектепке муғаллим етип жиберди. Бир жылдан берли басланғыш класс оқыўшыларын оқытып атырман. Мектеп кишкене бир өжире берип қойыпты. Сонда жасап атыр едим ғой. Аўылдағы айырым жигитлер барып қоймайды, ашықпыз деп. олардың ҳеш бирин де қәлемедим. Султаннан басқасы көзиме көринбеди. Мине, мениң тарийхым усындай, апа. Султанның да сизден басқа ҳеш кими жоқ екен. Қудайым Султанды тек ғана маған арнап дүньяға шығарған шығар, апа...

АЙТГУЛ: Бахытлы бол, қызым. Енди бәрин умыт. Мени тек қәйиненем деп түсинбе, шырағым, ҳәм әкеңниң, ҳәм анаңның орнын толтыраман еле. Султан да қудайдан тилеп алған жалғызымыз. Әкеси буның қызығын көре алмай ертерек кете қойды, пахыр.

ГҮЛНАЗ: Аўырды ма?

АЙТГУЛ: Әй, аўырыўы соқыр ишек еди ғой. Емлеўханада бир врач қыршын қарнын жарып таслап, ишеклерин үстине шубалдырып қойғаннан кейин маған сыбырлап: «жеңге, байың керек болса пәлен мың сомды әкелип қалтама саласаң,

болмаса, тири қалмайды» дейди. Сонна шаба-шап, сорамаған адамымыз жоқ, Султан еле жас, бесинши класста оқыйды. Сөйтип жүргенде арадан бир күн өтип кетти. Ақшаны әкелип жаңағы врач баланың қалтасына тықтым. Ол он минуттай күтип отыра тур деди де зып берди. Отырман, отырман, келетуғын ол жоқ. Соннан сол жердеги бир ақ халатлыдан «Нурман деген наўқасқа келип едим» десем, «ол моргта ғой» деди. «Морг қайда?» «Кирген жердеги екинши дәрўаза». Бардым. Бир ғарры отыр екен. «Маған морг керек еди» дедим. «Морг усы» деди ол. Шырағым-аў, морг деген жаңағы врач баланың аты шығар деп жүрсем, өлихана екен ғой. Енди ойласам, жылағым да, күлгим де келеди. Сол жерде талып қалыппан. Елиў жасқа жаңа шығып еди-аў. Ақша әкелмеди ғой деп жаңағы қыршын сыртқа шығарып қойған ишеклерин умбаржақлап-шумбаржақлап ишине тыққан да жарған жерин көрпени сырғандай етип ҳәр жеринен бир тигип, өлиханаға шыңғытқан екен.

ГҮЛНАЗ: Не деген жаўызлық! Мийрим қайда, шәпәәт қайда, апа!? Тири қалатуғын адам ғой. Ол шыпакер еле жасап атыр ма? Шыпакер деўге де тилим бармайды-аў.

АЙТГУЛ: Қудайдан тапты ғой!

ГҮЛНАЗ: Қамалып кетти ме?

АЙТГУЛ: Яқ! Бир қыстың қарлы күни төрт жигит болып аңға шығады. Узақтағы тоғайлыққа кетеди. Арақҡа тойып алып, төртеўи төрт тәрепке аңның изин қуўып алыслай береди. Жаңағы қыршыныңнан қыйылғыр бир жерлерде аяғын томар қағып жығылады. Соннан орнынан тура алмай уйқлап қалады. Қасындағылар түни менен излеп таба алмай, дүзде машынның ишинде қонып қалады. Таң ағарғаннан соң қасындағылар оның изин қуўып излеп шығады. Узақтан қар үстинде қараўытып шашылып атырған бир нәрселерге көзи түседи. Жуўырып барса... қардың үсти даладай қан. Тоз-тозы шыққан кийимлери шашылып қалған. Айырым қызыл шақа сүйеклери қалған. Ҳеш болмаса, мениң байымдикиндей ишек-қарны да қалмапты. Аш қасқырлар жеп кетипти. Ҳүкимет қурта алмаған жалатай ширкиннен қасқырлар кегимди қайтарып берди сөйтип... Әне, келин, кисиге жаманлық еткен өзине жаманлық

еткен болады. Өзинди қанша жақсы көрсең, басқаны да сонша жақсы көр деген.

ГҮЛНАЗ: Апа, мениң анам...

АЙТГУЛ: Ананды умыт, шырағым. Ол саған ана емес, ана деген атақ ондайларға рәўа көрилмеген. Сениң анаң да, әкең де халқың, қызым. Усы халқыңның меҳир-муҳаббатын жаўлап ал, усындай халықтың қызы болғаның ушын мақтан, балам... Өмириң алдында еле. Султан екеўиңиздиң шырағыңыз парлап жана бергей, илайым. Султаным - жалғызым, оннан бурын туўған еки балам, биреўи қыз еди, узақ жасамады. Нәресте гезинде көз жумды. Соннан Султан келди дүньяға. Қанша қуўаныш, қанша тәшўиш алып келди бизлерге. Сәл мазасы болмаса берекетимиз қашып, қаяққа апарарымызды, қаяққа қоярымызды билмес едик. Не машақатлар көрмедик, не сүргинлерге түспедик. Бул қурағым қудайға мың қәтле шүкир, қатарынан кем болмады. Әскерликтен келген соң өз күши менен университетке кирди. Ҳәзир үшинши курсты питкерди. Палўан болып шықты... Бирақ, бунын бәрин әкеси көрмей кетти-аў, топырағы торқа болғыр. Ҳәзир ол болғанда ма, ол болғанда ма... төбеси көкке жетер еди... Қуяшымыз болып ҳәммемизге нур шашып турар еди... Әттең, Нурман, сен ертерек кеттиң... Мен де барарман қасыңа...

П Е Р Д Е

## ЕКИНШИ КАРТИНА

Бағдың иши. Бағдың айырым ағашлары шала қуўрай баслаған. Бир скамейка бар. Тақатсыз Атабай гә саатына, гә жолға қарайды. Отырады, турады, былай-билай гезеди. Лирикалық музыка еситилип турады.

ДАЎЫС: Сен бағ болдың еки жүрек тасқанда,
Қол жетпестей жулдыз болдың аспанда,
биреўлерге дәрья болып ақсаң да,
Биреўлерге тамшың әрман - муҳаббат.

Кимге - өмир, кимге өлим болдың сен,

Ғам көлине көз жас болып толдың сен,
Қыста гүллеп, нәўбәҳәрде солдың сен,
Жаслықтағы тилсим дәўран - муҳаббат.

АТАБАЙ: (отырады) Алдап кетти ме екен? Я мени шийрин сезимлерим, соқыр үмитлерим, пуш әрманларым алдап жүр ме? Бәлким, мени сүймейтуғын шығар... Жоқ, мүмкин емес, сүйеди, сүйеди! Сүймегенде, мени көрген сайын жымыйып күле ме? Я масқаралап күлип жүр ме екен? (орнынан тағы турады, жолға қарайды) Мынаў ийретилген соқпақ оны усы жерге алып келеди. Көзлерим ағып түскенше оның жолына дилгир боламан. Ол мениң жүрегимди алып кетти, ол мениң ақылымды алып кетти, ол өзимди алып кетти... Мен енди Атабай емеспен, бул турған Атабайдың мәзи сүлдери, әйтеўир елеси ғана. Нағыз Атабай сол қыз бенен жүрипти, соның баўырында жүрипти, соның жүрегинде жасап атыр. Бул турған мен емес, Атабай емес бул.

(Султан келип бир шетте оның сөзлерин тыңлап турады. Жүзинде күлки.)

Бәрибир, мен оны таўып аламан я ... я муҳаббатының жалынында өртенип күлге айланаман, мейли, сына жаздың гезенде самаллары күлимди көкке суўырсын! Ай жүзли арыўым, қызлардың султаны, қайдасаң?

СУЛТАН: (өзин көрсетип) Мен мындаман, Атабай!

АТАБАЙ: (жалт қарайды) Қойса, сениң маған не керегиң бар? Ҳәзир мениң көзлерим нашардан басқаны көрмейди.

СУЛТАН: Ҳаў, ондай да көз бола ма екен? (қасына келеди) Ассалаўма әлейкум, Атеке! (қолын созады. Атабай немқурайды сәлемлеседи.)

АТАБАЙ: Аман-саў жүрсең бе, Султеке? Не өзи, аманлық па?

СУЛТАН: Отырайық. (екеўи скамейкаға барып отырады) Аманлық па деп мен сеннен сорайжақпан. Түриң былаўға түскен наўқастай бозарып кетипти.

АТАБАЙ: Әй, бул басқаға айтатуғын аңсат саўда емес. Қанша хатлар жаздым, қанша шайырлардың қосықларын урлап соның атына өзгертип жазып бердим. Билмеймен, жүреги қандай оның, тасты сыйпағандай тәсир етпейди, сирә. Сонша сөзлерим менен бул ўақытқа шекем еркекти де айландырып алар едим.

Ал, ол болса... көрермиз, асықпа деп сүйреткиге салғаны-салған. Енди тақатым тақ болды, достым. Буннан артық шыдай алмайман, парт етип қақ айрылатуғын шығарман.

СУЛТАН: Ҳее, қыздың дәрти десе, мен бир бәлеге жолыққан шығар десем.

АТАБАЙ: Ал, усыннан артық бәле бола ма? Асылып өлсем бе екен?

СУЛТАН: Арқан керек ғой?

АТАБАЙ: Маған... (орнынан турып кетеди) маған тәселле беретуғын шығар десем... арқанды уўайымлайды ғой бул. Я мениң өлгеним абзал ма сениң ушын?

СУЛТАН: Қой, өлип не қыласаң? Жигирма жастан жаңа асып баратырмыз, бир қыз деп қурыдан-қуры өлип кете берсек, бул дүньяда адам қала ма? Қызың анық қәлемейтуғын болса, басқасын изле. Қудайым-аў, қыз көп ғой, ызғыған нашар. Ишинде сениң де теңиң бар шығар, биреўлер өз қызын Атабай ушын тәрбиялап, бағып-қағып, оқытып таярлап атырған шығар. Өлим бир жаққа қашпайды, түбинде сени излеп таўып алады. «Бир басқа бир өлим бардур, Сәнемжан» деп Ғәриптиң айтқанын умыттың ба?

АТАБАЙ: Әй, жоаражан-әй, сен палўан болған соң қызлар сениң күшиңе, тулғаңа қызығады. Ҳәзир ҳәммеси көрсе қызар болып кеткен ғой. Ал, мениң неме қызығады. Артық-аспай мал-дүньям болмаса, көз тойдырғандай турпатым болмаса. «Ақылым бар, пулым жоқ» деген қыйлынанман.

СУЛТАН: Ақылың болса, адамға керегиниң өзи ақыл ғой, Атабай. Мал-дүнья да, мәртебе де ўақытша нәрселер ҳәммеси. Ҳаў, мениң палўанлығым да ўақытша ғой.

АТАБАЙ: Әй, ақылдың садағасы кетейин. Баяғыда «Ақылдан қайғы» деген бир пьеса бар еди. Дурыс екен ғой, ақылдың бәри азап. Маған ўақытша палўаншылығыңды берип тур, мен ақылымның бәрин саған баспүкил берейин.

СУЛТАН: Саған өзиңе қайым бир қыз таўып беремен. Уўайым шекпе, тек, изиме ерсең болды.

АТАБАЙ: Сеннен қалған қыздың маған не кереги бар?

СУЛТАН: Ҳәй, сен абайлап сөйле, ақылың басыңа жағылғыр! Меннен қалып... мен не, Дон-Жуанман ба? Бул журтқа жақсылық етейин десең де өзинен кетеди. Үйленбесең, терис үйлен! Ынтығы қурып турған қыз болса, өзиң таўып ал!

АТАБАЙ: Маған басқа қыздың кереги жоқ, мен тек бир қызды сүйгенмен. Соның жолында жанымды қурбан етемен!

Басқалардың айынан өз жулдызым мың артық,
Оны ойласам өмирге тигилемен қумартып,
Муҳаббатым жолында сагбир тартқан кәрўанман,
Баратырман қайларға мен үстиме муң артып...

СУЛТАН: Онда жолыңнан қалма, кете бер. Ал, мен муҳаббат жолындағы кәрўанымды тоқтаттым.

АТАБАЙ: Тоқтатқаны қалай?

СУЛТАН: Мәнзилиме жеттим.

АТАБАЙ: О қалай?

СУЛТАН: Той баслай жақпан!

АТАБАЙ: Той? (күледи) Не той? Сүннет тойың ба?

СУЛТАН: Аўа, (күледи) бала ўақта умытылып қалған екен.

(жеңил машинаның даўысы. Түсиниксиз бир музыка жаңғырады. Булар орынларынан турады. Көзине қара көзәйнек таққан, шашлары өскен, кишкене қара мурты бар, қолына магнитофон көтерген Сәрдар келеди. Олар сәлемлеседи. Олардың сөзлерин магнитофондағы музыка, қосық жаңғырығы еситтирмейди. Султан Сәрдарға қолын силтеп, магнитофонын өширтеди)

АТАБАЙ: Уҳҳ, (қулақларын уўқалап) даўыл тынғандай болды ғой.

СӘРДАР: Аманлық па? Пайызлы жерди таўып алған екенсиз. Ортаңыз толсын! Қыттақ-қыттақ атса да болатуғын орын ғой бул, не дейсең, Ата?

АТАБАЙ: Қәнекей, оның саўабына не жетсин!

СӘРДАР: Ҳәзир көзин сорғалатамыз?

СУЛТАН: Көзин сорғалатқаны қалай?

СӘРДАР: Атабайдың емес, бир шийшаның! Ўа-ҳа-ҳа! (машинасы бетке кетеди)

СУЛТАН: Мен ишпеймен.

АТАБАЙ: Ҳаў, жаңағы гәпиң рас болса, сен ҳәммеден көбирек ишиўиң керек ғой.

СУЛТАН: Мен той жөнинде сизлер менен ойласайын деп киятыр едим.

АТАБАЙ: Ҳәзир ҳәммесин шешемиз.

(қолына бир шийше, закуска услаған Сәрдар келеди)

СӘРДАР: Мине, мынадан жутып алайық. Күн де батыўға шамаласты. Түн бизлердики болады, қуда қәлесе.

(ортаға әкелгенлерин қояды, Атабай шийшени аша баслайды. үшеўине бир кесе. Қойады.)

АТАБАЙ: Қәне, кимнен баслаймыз?

СУЛТАН: Жолы уллы, Сәрдардан баслаймыз.

СӘРДАР: Жоқ, мен дастурқан ийесимен. Дүньяның көп жерин көрген, жаўырыны жерге тиймеген палўанымыз Султан баслап берсин!

СУЛТАН: Мейли, мейли... сөзге онша шешен емеспен. Тост айтып та, арақ ишип те үйренбедим еле.

СӘРДАР: Үйренетуғын ўақтың болды ғой, Султан. Сениң ушын қашанғы басқалар сөйлеп жүриўи керек. Жасүлкенлердиң көп отырыспаларын көрдим. Олар тост айтқан адамның сөзине қарап баҳа береди екен.

АТАБАЙ: Әй, қойса, бул жасүлкенлердиң отырыспасы емес ғой, бизге ондай тостың не кереги бар? Шалқайып ресторанда отырғанымыз жоқ. Шала қуўрай баслаған аўылдың бағы, бул жерден бүлбиллер де безигип кеткен.

СУЛТАН: Ал, онда... не дейин? Маған қусап өз сүйгенлериңизге қосыла бергейсиз!

СӘРДАР: Маған қусап? Сен не, сүйгенинди таптың ба?

СУЛТАН: Таптың ба дейсең-аў, үйге алып та келдим ғой.

СӘРДАР: Ҳаў, ҳаў? Күниң менен соны айтсаң-о! Мен де тез арада сүйгениме қосыламан.

АТАБАЙ: Мен де...

СӘРДАР: Әй, сени билмедим-аў...

АТАБАЙ: Мен не, жигит емеспен бе? Мурынды көтере берме, жора!

СӘРДАР: Туўылғанда ақ мурным көтерилип туўылған жигитпен! Енди мен сениң алдында да оны төменге қарай салбырата алмайман!

АТАБАЙ: Сениң мурныңнан қорқатуғын мен жоқ. Маған салсаң, мурныңның ушын аспандағы айға тиреп қой!

СӘРДАР: Билмейсең бе еле? Аспандағы емес, жердеги бир айдың жүрегине шашып қойыппан.

АТАБАЙ: Мурынды ма?

СУЛТАН: (күледи) Онда ол мурын емес, найза болды ғой!

СӘРДАР: Найза ма, қылыш па, қанжар ма, оны жақында билесиз. Қәне, Султан, ғылқ еттир. Усы турпатыңа дигилдик кеса емес, лаўабы кеса менен ишиўиң керек ғой.

АТАБАЙ: Мен де тезлетемен!

СӘРДАР: Арақ ишиўди ме?

АТАБАЙ: Бунысын да, онысын да! (Шийше менен ишип жибереди) Әй,
сол тост-пост деп отыраман ба? Тост болса кейнинен айтыла берер.
СУЛТАН: Сол дурыс ғой. (Ишеди. Атабай Сәрдарға қуйып береди.)
СӘРДАР: Еки рет ушырастым сүйгеним менен... Яқшы, оны кейин айтып беремен. Султанның тостына ишип жиберейин. (ишеди) Жетим деген соң изиме ерип кете беретуғын шығар десем... Биз еле төбениң басында жүр екенбиз, ол таўдың шыңындағы жулдыз екен.
АТАБАЙ: Меники айдың қасындағы жулдыз!
СУЛТАН: Таўдың шыңына шығыўың ушын алпинист болыўың керек, Сәрдар. Ал, Атабай, саған Лунаход керек ғой.
СӘРДАР: Қой, болмады... Атабай, тағы бир айландыр! (арақ қуйылады) Қәне, Атабай, айтып жибере ғой. Сүйгениңе тезирек қосылғайсаң!
АТАБАЙ: Әй, билмедим-аў, қасына жақынлатпайды. Аяқ-қолын байлап, машынға тығып алып қашпасаң...
СӘРДАР: Машын тайын ғой... Бирақ, ертең ата-анасы шатақ шығарып қаматып жибермесе...
АТАБАЙ: Ата-анасы жоқ.
СӘРДАР: Ҳаў, сеники де жетим бе?
СУЛТАН: Не дейди? Быйыл өзи жетим қызлардың жылы ма деймен.
СӘРДАР: Сеники де сондай ма?
АТАБАЙ: Қәне, жетим сәўер ярларымыздың бахты ушын ишип жиберийик!

(ол ишеди, қасындағыларға қуйып береди. Сәрдар темеки тутандырып шеге баслайды.)

СУЛТАН: Мынаўыңның ийиси бир түрли екен. (қолы менен түтинди желпинеди)
АТАБАЙ: Мен де бир тартып берейин, Сәрдар. Адамды елитип баратыр ғой. (ол да шегеди, Султан шекпейди)
СУЛТАН: Ден саўлыққа зыян ғой. Спортсмен ушын ҳасла шегиўге болмайды.
СӘРДАР: Өзиң бил... бул анандай дүкандағы сигарет емес. Ким болса сол таўып шеге алмайды. Ләззетин айтпайсаң ба?
АТАБАЙ: Бул түтин емес, бейиштиң айшы-әширети ғой. Бир түсимдеги

көрген ҳәзлик, рәҳәт түтин менен қосылып жымбыр-жымбыр он еки мүшеме сиңип, балқытып баратыр. Көкирегим әл аспанға көтерилип ушып баратырғандайман!

СӘРДАР: Айдың қасындағы жулдызыңа жетсең бизлерден сәлем айт!

АТАБАЙ: (қолларын сермеп) Мен... мен мындаман! Қушағынды аш, Гүлназ!

СУЛТАН: Гүлназ?!

СӘРДАР: Гүлназ?!

АТАБАЙ: Аўа, Гүлназ! Гүлназ!! (орнынан турады) Аспаннан жерге түс, Гүлназ! Мениң қушағыма өзинди ат, Гүлназ!! (делбеси шығып жуўырып кетеди)

СУЛТАН: Жин урдыма буны? Гүлназы неси?

СӘРДАР: Мен де түсинбедим. Я ҳәзирги қызлардың бәри Гүлназ болып кеткен бе?

СУЛТАН: Солай болса итимал... Мениң қосылып атырған қызымның аты да Гүлназ!

СӘРДАР: Ҳаў, меники де Гүлназ ғой!

СУЛТАН: Ҳәммеси бир Гүлназ шығар?

СӘРДАР: Мүмкин емес, мүмкин емес!

СУЛТАН: Сен Гүлназың менен ўәделесип, келисип қойып па единң?

СӘРДАР: Жоқ, бирақ, менде кеўли бардай сыңай билдирип еди. Бир-еки рет аўлағын таўып зорламақшы болдым, лейкин, күшим жетпеди. Қайсар қыз екен!

СУЛТАН: Муҳаббатың ба сол!

СӘРДАР: Муҳаббат деп изинде зарыгирян болып жүриўим керек пе?

СУЛТАН: Анық сүйген болсаң жүрмей не қыласаң? Я сениң орныңа мен жүрейин бе?

СӘРДАР: Сен де, басқа да емес, ақша жүреди.

СУЛТАН: Жоқ, жүрек жүреди! Пәк жүрек, таза муҳаббат...

СӘРДАР: Қойса соларынды! Қайтсемде ол қыз меники болады!

СУЛТАН: Аўылдағы мектептеги муғаллим Гүлназ болса, кешиктиң, достым.

СӘРДАР: Неге кешигеди?

СУЛТАН: Мен оның менен қосылып, тойымызды баслайын деп атырмыз.

СӘРДАР: Мүмкин емес, мүмкин емес! Сен оның менен түнеп шықтың ба?

СУЛТАН: Бүгинги ақшам бизлердики болады, дүньяның бүгинги

шадлығы бизлердики болады!

СӘРДАР: Жоқ! Тойың болмайды! Тойынды асқа айландыраман, билдиң бе, қазанында қан қайнатаман!

СУЛТАН: Не, не дедиң?! (Жағасынан тутады.) Не дедиң? Қәне, тағы бир тәкирарла!

СӘРДАР: Еситкениң сол... жибер жағамды!

СУЛТАН: Қудайдың баласы болсаң-әм усы сөзиң ушын кеширмеймен! (жерге тартып урады) Кеширим сора!

СӘРДАР: (Астында қырылдап) Кеширим? Сеннен бе? Бир тыштабанның баласынан кеширим сорайман ба?

СУЛТАН: Тилинди суўыраман!

СӘРДАР: Гүлназды таза қәлпинде турғанда үйиңнен шығарып жибер! Ол меники болады!

СУЛТАН: Мә, саған Гүлназ! Мә! (дус келген жерине урады.)

СӘРДАР: Ўай, өлетуғын болдым! Мына доңыз мени өлтирди! Атабай!! Тоқта, тоқта, Султан! Ҳәзиллесип едим, ҳәзилди билмейтуғын өгиз болма, өйтип! Алған болсаң, қутлы мүбәрек айтаман! Сениң қатыныңның маған не кереги бар? Уҳҳ!

СУЛТАН: Ҳә, солай болсын. (оны қолынан тартып турғызады. Сәрдар үсти-басын қағады.)

СӘРДАР: Жаўыз адам екенсең ғой, ҳаў, соннан бир жерим сынса, әкем еситсе... қаматып жибереди ғой.

СУЛТАН: Сонда адамның нәзик жерине ништер суқпа. Жаңағы гәплериң жүрегиме қанжар тыққандай болды ғой.

СӘРДАР: Яқшы, бир билмеслик бизден кетти. Жаңағы Атабай қайда кетти? Раслап жин урды ма деймен. «Жинниң-әм қолайлаған адамы болады» дейтуғын еди. (даўыслайды) Атабай! Ҳа, Атабай!!

СУЛТАН: Сәрдар, мени де кешир, достым. «Ер шегиниспей бекиниспейди» деген ғой, қызып кетиппен.

(бир түрли жүрис пенен Атабай келеди)

АТАБАЙ: Еле... еле отырсызлар ма-әй?

СӘРДАР: Отырмай ушамыз ба саған қусап?

АТАБАЙ: Мен барып қайттым.

СУЛТАН: Айға ма?

АТАБАЙ: Ай жасайтуғын жайға! Есигин ашпады. Геллемди кесип алса да

азанға шекем қасында болайын деген қыял менен барып едим...

СӘРДАР: Енди бәрин туўар! Қыялларың пушқа шықты, муҳаббатың мыш-мышқа шықты. Отыр мына жерде омалып! (Атабай отырады) Енди Гүлназ деп тумсығынды көтер ме! Түйениң табаныңдай жудырық тийеди.

АТАБАЙ: Кимниң жудырығы?

СУЛТАН: Қой, ҳәзиллесип атыр.

СӘРДАР: Ҳәзил емес... Султанның жудырығы тумсығынды уўады, билдиң бе, Атабай, енди Гүлназ деп аўзынды ашпа! Ылыққан ийттей түни менен өрден-ыққа шапсаң да енди саған Гүлназ жоқ! Маған да жоқ! Оннанша, жаның өзинде турғанда Султанды қутлықлап қой. Қасында отырған Гүлназдың байы Султан деген жигит болады. Түсиндиң бе?

АТАБАЙ: Қойса, Сәрдар, қайдағыны айтасаң?!

СӘРДАР: Қайдағы болсын, айдағы болсын, Гүлназға деген муҳаббатың бүгин набыт болды. Әўлақпар!

АТАБАЙ: Рас па, Султан?

СУЛТАН: Рас!

АТАБАЙ: Мынада қалмапты ғой. (жерде жатырған шийшени теўип жибереди. Усы ўақлары қараңғылық түсе баслайды) Мынадан болса, әпкел, Сәрдар. Шыдамай баратырман, өлетуғын шығарман... жасамағаным абзал...

СУЛТАН: Қойшы, Атабай, сениң де теңиң бар шығар, бул дүньяда Гүлназдан басқа да қызлар көп ғой.

АТАБАЙ: Мейли, мейли... топыраққа от қоя алмайман. Сәрдар, биреўин тап! Ол мениң бахытсыз муҳаббатымның зәҳәри болсын. Ишип алып, ҳеш нәрсени ойламай бир әрмансыз өлейин. Әй, қудайым, көрсетпегениң көп екен ғой!

СӘРДАР: Ҳәзир әкелемен. Машинамда бар болыўы керек. Султан, ҳәммесин умытқайлы болсын! Ертеңги тойында қатырып хызмет етейик. (кетеди)

АТАБАЙ: Жүрегим қанша өртенсе де бахыт тилеймен, Султан! Мени кешир, қызыспа менен не боса соны айта берипшен. Сен Гүлназдың ҳақыйқат теңисең. Ол қыз сендей жигитлерге ылайық. Мен өзимди отқа урған көзсиз гүбелекпен. Ал, Сәрдар, ондай қыздың қәдирин билмейди. Ол сүйип турып

тислеп алатуғын ийт! Оның менен жора болмаўымыз керек еди. Мейли... енди болары болды.

(бир шийшени услап Сәрдар келеди. Атабай оның қолынан шийшени жулып алады да, бас салып аўзын ашып қуяды. Өзи шийше менен ишип жибереди. Қуйылған кеса Султанға бериледи.)

СУЛТАН: Сәрдар, бул шийшени өзиң баслап бер.

АТАБАЙ: Ише бериң, мен баслап бердим.

СӘРДАР: Маған жеткиликли. Рулим бар ғой.

СУЛТАН: Бул районда ақсақалдың сендей баласына ким тийеди?

СӘРДАР: Сонда да... алдымыз түн. Қәне, Султан, бир жағы той. Алып жибер. Үшеўимиз машина менен үйине барамыз, таң атқанша шағал мәслик қурамыз.

СУЛТАН: Семиз, үлкен бир түйетаўықтың қоразы қазанда қайнап атыр. Мынаны таўысайық та үйге тартайық онда!

(Султан ишеди. Атабай еки бүкленип уйқлап қалады.)

СӘРДАР: Атабай көтере алмайтуғын болыпты-аў, жатысы жаман ғой.

СУЛТАН: Сәўер ярдан айрылыў аңсат па?

СӘРДАР: Мен шыдап отырман ғой.

СУЛТАН: Сениң тәжирийбең мол шығар. Оның үстине қәлеген қызыңа қолың жетеди. Мен де шаршадым ба деймен. Уйқы тартып баратыр ғой. (әсте қыйсайып уйқлай баслайды. Атабай екеўи де қорылдап, шынтлап уйқыға кириседи)

СӘРДАР: Әне, Сәрдардың мақсет-мурады орынланатуғын пайт келди. Енди Гүлназ Дәкендики болады! Мыналардың ишиндегисин төгип таслайын. (шийшедеги арақты төгеди. Машынына қарап кетеди. Сахнадағы қараңғылық кем-кем қойыўлана береди. Сәрдардың қолындағы жалт-жулт еткен қанжар көринеди. Ол келе сала Султанның жөрегиниң тусына қанжар урады)

СУЛТАН: Аҳ, бул не? Аўыртып жибердиң ғой... аҳ-ўаҳ!!

(скамейкадан сыпырылып жерге қулайды. Сәрдар қанжардың сабын Атабайдың қолына тығады. Дөгерегине қаранады. Асықпай, албырамай «Питти, ким екенимди билдирмей милицияға звонит етемен» дейди де машинасына қарай кетеди. Машинаның узақласып баратырған даўысы. Ўақыт өткен болады. Милицияның, «Тез жәрдем» машиналарының сирена даўыслары еситиледи. Аўыр музыка, шырақ сөнеди.)

ПЕРДЕ

## ҮШИНШИ КАРТИНА

Султанның үйи. Гүз басланған күнлердиң бири. Гүлназ үйде жалғыз. Қайғылы, ойшан музыка әсте еситилип турады.

ДАЎЫС: Жылларды жетелеп өтеди айлар,
Күш бар ма ўақыттың тулпарын байлар?
Еңкейер адамлар, тозар шырайлар,
Сен де бирге қартаярсаң, муҳаббат.

Келин болып түссең бир жат есикке,
Қайылсаң буйырған дузға, несипке,
Нәрестенди бөлеп алтын бесикке,
Ана болып жантаярсаң, муҳаббат...

ГҮЛНАЗ: (жулып алғандай) Жоқ! Мен ана болмайман! Ана болыў маған буйырмаған. (былай-былай жүреди) Мен анадан туўылмағанман! Мен оның аппақ мәммесинен аналық уўызына тоймағанман. Мени жөргекке орап қушағына қысқан, бесикке бөлеп ҳәййиў айтқан ана болмаған... Менде анаға деген муҳаббат оянбаған, ол көз жасларыма ғарқ болып, ҳәсирет теңизине шүмип кеткен. Ананың жумсақ алақанлары басымнан сыйпамады, ып-ыссы демлери жүзлеримди аймаламады, аналық жүректиң нәзик, мийримге толы сезимлери нәресте кеўлимди ләззетке бөлемеди. Мени туўған ҳаял жаслығымның қуўанышларын да, өмиримниң алданышларын да, аналық бахытымды да өзи менен бирге алып кетти. Жоқ, енди... жаслық муҳаббатымды да Султан өзи менен бирге алып кетти. Мен қуры геўдемен, әйтеўир бир елеспен. Ҳаял да емеспен, еркек те емеспен. Ана да болмайман... Буған ант етемен. Ана болып сонша азап пенен бул дүньяға әкелген перзентим ержеткенде, келин түсиргенде, қуўаныш әкелип атырғанда жоқлаў айтып қанжылаўым керек пе? Жоқ! Еркектиң қарасын көрмеймен. Бул дүньядан тул болып өтемен, тул! Сен аймалаған ләблеримди ҳәш кимге де

өптирмеймен, Султан. Сеннен басқа еркекти панайыма да жақынлатпайман, Султан! Меннен арқайын жата бер, жаным. Сениң көре алмай кеткен жеринди ҳеш ким де көре алмайды. (Айтгул киреди. Бираз солғын тартып, еңкейейин деген) Апа қайттыңыз ба?

АЙТГҮЛ: Қайттық, қызым. (сыртқы кийимин шешип отырады)

ГҮЛНАЗ: Не қылды? Суд питти ме?

АЙТГҮЛ: Аўа, қызым... Атабай өлим жазасын алды. Ҳүким қанша әдил болса да... енди қайтып келетуғын Султаным бар ма?

ГҮЛНАЗ: Ол бир өзи екен бе? Қасында Сәрдар да бар деп еди ғой?

АЙТГҮЛ: Сотта Сәрдар ҳаққында гәп болмады. Бир өзим иследим деп бәрин Атабай өз мойнына алды. Неге өлтирдиң десе, бурыннан, бала ўағымнан дығым бар еди дейди. Ол қанхордың не дығы бар екен?

ГҮЛНАЗ: Әй, айта береди. Мениңше, сол Сәрдар деген қасында болған, болмаса, Султан оның бир өзине күш бермейди.

АЙТГҮЛ: Балам екеўин де бығырлатып басады-аў! Әттең, «батыр аңқаў, ер гөдек» деген ғой. Оған ғапылда пышақ урған.

ГҮЛНАЗ: Бул ўақыяның ишинде Сәрдар да болған, апа. Атабай оны неге айтпады екен?

АЙТГҮЛ: Нәҳәнниң баласы ғой, шырағым. Атабайды сатып алған шығар ямаса қорқытты ма?

ГҮЛНАЗ: Ҳаў, өлим жазасына баратқан адам неден қорқады?

АЙТГҮЛ: «Үмитсиз шайтан» деген ғой, қарағым. Баяғыларда өлим жазасына кеткенлерди ҳүким орынланды деп газеталарда жазып, изинде сол жаўызлар да қайтып келгенин көзимиз бенен көргенбиз. Бул да солай бола ма деди ме я жигирма, жигирма бес жыл берсе, аман келермен деген үмитте болды ма, ким билсин. Я мойынламасаң, тек өзим өлтирдим демесең, кейни жаман болады, үй-ишинди жоқ етип жиберемиз деп қорқытты ма...

ГҮЛНАЗ: (жылап жибереди) Бәрине гүнакер мен, мениң кесиримнен усындай болды, апа! Атабай да, Сәрдар да маған ашық еди. Султаннан өш алған олар.

АЙТГҮЛ: Қой, қызым, өй деме! «Қызды ким айттырмайды, қымызды ким ишпейди» деген. Зорлықтың, хорлықтың заманы емес ғой бул. Я оларға да ўәде берип пе едиң?

ГҮЛНАЗ: Сүймеген адамыма қалай ўәде беремен, апа? Ҳәтте, оларды

дәргайыма да жолатқан емеспен. Көрмеген, билмеген, еситпеген анамның қылўасы мениң ушын мәңгилик қатал сабақ болып қалды, апа! Енди мен... енди мен көзлерим жумылғанша еркектиң қарасын көрмеўге ант еткенмен, апа. Мейли өлгенимше Султаным менен бир жан, бир тән болып жасайман. Мейли, ол жер астында болсын, қайтпас дүньяда болсын... Султан мениң жүрегимде жасай береди. Оны өлим де меннен ажыратып ала алмайды. Мениң тең жарпым Гүлназ болса, тең жарпым Султан! Тек, бир жери бар, мен саған ақлық сүйгизе алмайман. Тек, усы бахыт маған да, саған да буйырмаған, апа...

АЙТГҮЛ: (аўыр гүрсинеди) Қой, шырағым, өзиңниң де, мениң де баўырымды езип, қан жылатпа. Жулдызынды сөндирме, жаным... өмириң жаңа басланып атыр. Бул әлем шексиз, бул дүнья кең, қызым, өзинди өзиң зая етпе. Ертерек теңинди таўып ал. Жоллар ескиреди, жоллар жаңарады. Адамлар кетеди, жаңа әўладлар келеди. Жүректеги жаралар жазылады, ҳәммеси умыт болады. Мен жасарымды жасап, асарымды асамасам да... болды енди, өтмишти ойлаў менен жасайман. Бир күн бе, бир ай ма, бир жыл ма, енди мен ушын өмирдиң мүддети қызық емес. Күн өткен сайын Султаным сағындырып атыр, күн өткен сайын шақырып атыр, қулыным... қасыңа барсам деймен. Суп-суўық топырақта жатырған тулғасын ып-ыссы қушағыма бассам деймен...

(аяқларының ушы менен жүргендей сақлық пенен жүрип есик бетте Қутыбай менен Дәмегүл көринеди, оларға «келиң, төрге шығып отырың» деген ҳеш ким болмайды. Олар есик бетте сазырайысып турады да аманат ғана отырады. Айтгүл менен Гүлназ олардың ким екенин билгеннен кейин қайтып нәзер де салмайды)

ҚУТЫБАЙ: (тамағын қырынып) Айтгүл! (өлпең даўыста. Айтгүл де, басқалары да тым-тырыс) Енди ... ҳәммемиз қуданың бендесимиз. Болмас ис болып қалды. Қәйтейик, усындай болсын деп туўдырып па едик, усындай мийримсиз болсын деп тәрбиялап па едик...

ДӘМЕГҮЛ: «Иштен шыққан жаў жаман» болды, қурдас... Илаж қанша, ел-журтқа қарайтуғын бетимиз қалмады, жети насырымызды бүгип кетти, қыршынының нан қыйылғыр!

ҚУТЫБАЙ: Қыршынының нан қыйылды ғой, буннан артық...

АЙТГҮЛ: Сизлер олай деп перзентиңизди қарғамаң!
ДӘМЕГҮЛ: Ол перзентимиз емес!
АЙТГҮЛ: «Ғарға да палапанын аппағым деп сүйеди, кирпи де баласын жумсағым деп сүйеди». Қанша айтсаң да, иштен шыққан зүрриядтың күйиги жаман. Мен не қылайын. Қылмысына ылайық әдил жазасын алды деп қуўанып отырғаным жоқ. Бурыннан бир-биримизге душпанлығымыз жоқ адамлар едик, пәкизе аўыллас едик. Той-мерекемиз бир еди. Душпаныңа да жақсылығынды аяма, оны жазалаў жағын өзиме қалдыр деген қудай. Тәғдиримиз қудайдың қолына тапсырылған бенделермиз, Қутыбай, Дәмегүл! Мени жубатып келгенлериңизге рахмет!
ҚУТЫБАЙ: Биз жубатып келип отырғанымыз жоқ, Айтгүл! Бул адам жубатқандай, тәселле айтқандай ҳәдийсе ме, қудайға шүкир-аў, мениң еки-үш жаманым бар. Сонда да «атадан алтаў болсаң да Ўатаныңа жалғызсаң» деген гәп бар. Сениң сол жалғызыңа қыйналаман-аў, қандай арыслан еди, халықтың атын жети ықлымға танытатуғын қандай азамат еди. Ҳеш болмаса, бир туяқ қалмады-аў, әттең, әттең!
ДӘМЕГҮЛ: Мына нәўше келинимди айтса! Бағдың ишине жаңа киргенде онның мийўасына татыў буйырмады-аў буларға!
АЙТГҮЛ: Тири бенде тиришилигин ете береди. Адам бул дүньяға жылап келеди, биреўлер сол жылаўы менен кетеди, биреўлер басқаларды жылатып кетеди. Бул дүньядан күлип кетсең де, жылап кетсең де баратуғын жериң жалғыз. Жердиң үсти кимге тар, кимге кең болса да, жердиң асты ҳәммеге тең.
ҚУТЫБАЙ: Айтгүл, мәрт бол! Белинди қатты буў! Сениң менен бизиң қолымыздан келетуғын шара жоқ. Жылап-сықлаған менен орнына келмейди. Өзиңниң ден саўлығыңа қара. «Өлмектиң изинен өлмек жоқ» деген.
АЙТГҮЛ: Маған ден саўлықтың не кереги бар, Қутыбай? Жалмаўыздай жалғыз өзим қалғаным жоқ па?
ҚУТЫБАЙ: (басын көтермей отырған Гүлназға қарайды) Мына шырағым бар ғой, келин не, қыз не? Ата-ананың зарын тартқан нашар қусайды ғой. Усы қарағымды бир қызындай көр. Балаңның орнына қызың болсын. Қурсағыңнан шықпағаны менен, қудайтаала усы қызды саған рәўа көрип,

бауырына бассын деп жиберген шығар. Қудай берсе, ақлық та сүйерсең, дәрттиң бәрин умытарсаң. Қудайдың алдында ҳәсиге кетпейик.

ГҮЛНАЗ: Мен... мен апамның қызыман, ата! Дурыс айтасыз, мен бундай теберик адамды жалғыз қалдырмайман. Бирақ, ҳеш кимге де басымды шатпайман. Ақлық та туўып бере алмайман. Мен Султанның руўхы менен жасайман. Султан мен ушын тири, Султан мениң жүрегимде жасап атыр. Жаным үзилген ўақта ғана Султанның да өмири таўсылады. Соған шекем... Султан мениң көз қарашығымда уялап қалған. Мениң жанымның да, тәнимниң де бийлиги Султанның қолында. Султанның көзине шөп салсам, мениң көзиме қада қадалсын, Султанның сөзин тыңламасам, мениң қулақларыма мум қуйылсын, Султанның атын атамасам, мениң аўзыма қум қуйылсын!

ДӘМЕГҮЛ: Өсип-өнгейсең, балам. Ықласыңа бергей, қудайым. Султан менен бирге қандай бахытлы хожалық болар едиңиз... Айтгүл қурдасымыз қандай кәйўаны кемпир болар еди... Бул бенлениң айтқаны болып атыр ма? Бәрине себепли мениң балам, туўмай туўа тапқыр жүўернемегим мениң!

АЙТГҮЛ: Қой, Дәме, түбинде болатуғын ис. Жазмышта солай жазылған болса, бизиң қолымыздан не келеди?

ГҮЛНАЗ: Бурынғы тергеўлерде Атабай қасымызда Сәрдар да бар еди деген ғой.

ҚУТЫБАЙ: Аўа, солай деп еди... Кейин жала болып шықты. Сәрдар сол күни аўылда болмаған қусайды. Сол ақшам Нөкисте түнеп қалған болып шықты. Кейинги тергеўлерде басқаға жала жапқаны ушын баланың иси пүткиллей улғайып кетти. Болмаса, арақтың тәсиринен болған деп, жазасы жеңиллеў болады екен.

АЙТГҮЛ: Қутыбай, сениңше сонда араққа тойып алып биреўди өлтире берсең болады екен-дә, солай ма? Биреў, он екиден бир гүли ашылмаған ғыршылдаған жас жигит арақтың қурбаны болып өлип кете береди, ал, оны, өлтирген қанхор жеңил-пеңиз жазаланып тири қала береди екен-дә! Солай ма, Қутыбай?

ҚУТЫБАЙ: Жақ, жақ! Айтгүл, олла-биллә, мен баламды ақлап атырғаным жоқ! Оны атсын, дарға ассын, тоққа салып өлтирсин! Мен баламды аяп отырғаным жоқ, Айтгүл! Қәтелессем, кеширгейли болсын! Ҳәзир алдымыз бенен де,

артымыз бенен де сүңгип жүрген албыраған үйрекке айландық. не сөйлеп, не қойғанымды билмейтуғын аўҳалға түстим, Айтгүл!

(Гүлназ орамалы менен көзин басып сыртқа шығып кетеди)

ДӘМЕГҮЛ: Бизлер де тойға таярланып атыр едик. Буйырмаса, қыйын екен ғо. Биреўди әкелемен деп ыңғырыўлап жүргени қашшан қыршынның! Жазасын орынлаған соң өлигин берип жибере ме екен, ғарры?

ҚУТЫБАЙ: Өлигине от түссин оның! Маған салса, неге қасқыр ийтлердиң алдына тасламайды. Оның өлигин ийтлер де жемейтуғын шығар?! Сонша жолдан көлик жаллап, соның өлигин әкелип жүремиз бе? Адам өлтирген адамның гүнасы ҳеш қашан кеширилмейди. Туўылған жердиң пәк топырағына оның ҳарамы қаны, сүйеги былғаспасын!

ДӘМЕГҮЛ: «Султан сүйегин хорламас» деген, ғарры...

ҚУТЫБАЙ: Султан сүйегин хорламай жер астында өз пәклиги менен жатыр. Султан ким, сениң балаң ким? Ендигиден былай балам деп тилиңе баспа! Суўырып аламан!

ДӘМЕГҮЛ: Айтпайын десем де, ишимнен шыққан күшигим ғой, ғарры-аў! Тоғыз ай, тоғыз күн қурсағымда көтерип жүрдим ғой, ақ сүтиме емиздим ғой... (көзлерин сыпырады, аўзы кемсеңлейди) Түнлерде уйқымды төрт бөлип бесигин тербеттим ғой. Сонда мен бир зулымды, бир геллекесерди тәрбиялап атырғанымды қайдан билейин, досларым-аў! Енди не қыларман, басымды алып қайларға кетермен?! Жүрегим даўамайды, деп таўық та соймайтуғын еди...

ҚУТЫБАЙ: Сол күни қудай бир алжастырған. Көзлерине қан толған сол күни оның!

АЙТГҮЛ: Пенсияға шыққанымша екеўин де өзим оқытқан едим. Бир мектепте, бир класста, ҳәтте, бир партада отырып оқыды олар. Дурыслы оқыта алмадым ба? Биз сәл тойынсақ соны көтере алмай тыныш отырған биреўдиң жинине тийетуғын ҳәм соннан таяқ жеўге үйренип кеткен халықпыз. Соның себебинен ата-бабаларымыз көп қоныс аўдарған. Биз өзлеримиз қонақлап отырған шақамызды кеспесек, қолымыз қышыйтуғын адамлармыз. Арқамызды сүйеп турған дийўалдың астын геўлеймиз, алдымызға тутқан туўымызды қулатамыз. Ерназар Алакөздей батырымызды бийопалықтың қурбаны

етемиз. Биз киятырған бахтымыздың алдына жыласып шығатуғын қуданың қулларымыз... Жоқ, мен оларға булар туўралы сабақ бере алмадым. Бергизбейтуғын да еди... Тек, көтериңки, қып-қызыл өтирик сөзлер менен мақтата беретуғын еди... Аўа, Дәме, түсинип турман, саған да аңсат емес. Сен де анасаң, мен де анаман. Аналар ушын түн ең аўыр ўақыт. Бир түн бул дүньяға Султанды әкелип еди, бир түн бул дүньядан оны алып кетти. Мен ушын түн азап, түн қорқынышлы, түн жаза. Бул адамзат баласы күндиз ушын, жақтылық ушын жаратылған. Мениң әтирапымды жақтыртып турған күним, нурым Султаным еди ғой. Енди ол сөнди... мәңгиге сөнди. Мен таўсылмайтуғын түнниң ишинде қалдым ғой, мени қараңғыға таслап кеттиң ғо, қулыным!... Дийдарынды сағынып кеттим. Басына барып қайтсам ба екен? Сен де... сен де мени сағынып, жолларыма айдай қарап жатқан шығарсаң, қозым... Барайын, барайын, сени жолларыма көп телмиртип қоймайын...

(орнынан турады)

ҚУТЫБАЙ: Биз де бирге барып қайтайық, Айтгүл.

ДӘМЕГҮЛ: Зыяратымыз қабыл болғай, қудайым, алла! Ҳәмме барып қайта қояйық.

АЙТГҮЛ: (кийинип, беллерин бууўа баслайды) Сизлер бул рет бирге бармай турың. Дәртиме шерик болғаныңыздың өзи маған жетип атыр. Тилегиңиз алладан қайтсын!

ҚУТЫБАЙ: Күн кешкирип қалды, Айтгүл. Қойымшылық та пиядаға бираз жер.

АЙТГҮЛ: Ҳеш нәрсе етпейди. Балама қарай бет алсам қустай ушаман. Аяғым жер илмейди. Султан менен сөйлесетуғын сөзлерим бар. Бүгин барып айтпасам болмайды, ертең кешигип қаламан. Қасымда басқа адам болса, ол мениң менен сөйлеспей қояды.

ДӘМЕГҮЛ: Ҳаў, жаңағы нашарды бирге алып кет, қурдас...

АЙТГҮЛ: Сөйтсем бе екен? Олар еле дурыслап сырласып та үлгерген жоқ еди... Мейли, олар да сырлассын, олар да соңғы...

(бирден жүрегин услайды, Айтгүл ҳалдан тайып төсекке қулайды. Тилсиз қалады. Қутыбай менен Дәмегүл албырақлап қалады. Басын сүйейди, биреўи сыртқа жуўырады. Аўыр музыка.)

ПЕРДЕ

## ТӨРТИНШИ КАРТИНА

Султанның үйи. Қысқы ақшам. Гүлназ жалғыз. Столда бир нәрселерди жазыў менен бәнт. Музыка ойнап турады.

ДАЎЫС: Сен маған қайтып кел, муҳаббат...
Сезбеймен өмирдиң ләззетин,
Сағынып сыңсылар саз жетим,
Сен маған қайтып кел, муҳаббат.

(дийўалға тутылған гилемниң үстинде дуўтар ҳәм мылтық қыстырылып тур. Ол орнынан турып дуўтарды алады)

Таңларым атады селтеңсиз,
Қалғандай боламан ертеңсиз.
Қайтарған аттайман ертлеўсиз,
Сен маған қайтып кел, муҳаббат.

Қайтып кел, питсин бул айралық,
Қайтып кел, қайтып кел айналып.
Қалдым ғой тутқында байланып,
Сен маған қайтып кел, муҳаббат.

Гезбедим жаслықтың майданын,
Сезбедим жулдызлар сайранын.
Келеди бағларда сайрағым,
Сен маған қайтып кел, муҳаббат...

(даладан көпектиң әўпилдеп үргени еситиледи. Қайта-қайта үреди. Гүлназ тыңлап турады да дуўтарды орнына қыстырып, қасындағы мылтықты алады. Есик бетке жақынлайды. Сырттан «Гүлназ» деп бақырған еркек адамның даўысы еситиледи)

ГҮЛНАЗ: Жети түнде жүрген ким екен бул? (сырттан даўыс тағы тәкирарланады. Ийт үргенин қоймайды. Сырттағы адамның «жит, Ақтырнақ» деген даўысы) Бул ким екен, жаным? Ийттиң

атына шекем биледи ғой. (қолындағы мылтыққа қарайды. Даўыслайды) Кимсең?

СЫРТТАҒЫ ДАЎЫС: Айтгүл апамның бир инилери едим...

ГҮЛНАЗ: Ҳәзир, ҳәзир... (ол мылтығын орнына қыстырып қапыны ашыўға кетеди. Оның менен бир гөнетозлаў кийимлер кийген, жүнлери сабалақ-сабалақ тон, басына түлки малақай кийген бир киси киреди. Аяғына байпақ кийген. Малақайын шешкенде оның шашлары өсип кеткени көринип турады. Сақал-мурты көптен қырылмаған. Онша өскин болмаса да, қап-қара болып бетиниң бираз жерин жаўып тур. Ол сыртқы кийимлерин шешеди, байпағын таслайды. Төрге шығып малдас қурынып отырады, қуран оқыйды. Гүлназ да отырады. Бул Атабай еди)

АТАБАЙ: Бийшараның руўхларына тийе берсин! (олар қолларын ийеклерине апарып, мусылманшылықтың шәртин бежереди) Сөйтип, Айтгүл апамыз да дүньядан өтипти-аў.

ГҮЛНАЗ: Аўа, тақаны таўсылды пахырдың.

АТАБАЙ: Аўырды ма?

ГҮЛНАЗ: Аўырыў қайда? Әп-әнедей сөйлесип отырып-ақ... бирден қулады. Сол кетистен кете берди ғой. Үш ай толайын деп тур. Сиз жақында еситтиңиз бе?

АТАБАЙ: Аўа! Мылтығынды алып қой, Гүлназ...

ГҮЛНАЗ: Мылтықтан қорқасыз ба?

АТАБАЙ: Мылтықтан қорықпайтуғын адам бола ма? Ишинде оғы бар ма?

ГҮЛНАЗ: Еки оғы да бар. Мениң атымды қаяқтан билесиз?

АТАБАЙ: Сениң атынды билмейтуғын жигит бар ма?

ГҮЛНАЗ: Жигит?

АТАБАЙ: (күледи) Мен жигит емеспен бе?

ГҮЛНАЗ: Қәйдем... сақалдың астында толық көринбей турсаң.

АТАБАЙ: Мени танымадың ба?

ГҮЛНАЗ: (оның түр-түсине анықлап қарайды) Қәйдем... даўысың биреўге уқсайды. Бирақ, ол қамалып кетти ғой.

АТАБАЙ: Аты ким еди?

ГҮЛНАЗ: Атабай деген қанхор!

АТАБАЙ: Қанхор?! Оны дурыслап таныйтуғын ба единң?

ГҮЛНАЗ: Усы аўылдың бир қаңғыбасы еди ғой...

АТАБАЙ: Үйленип пе еди?

ГҮЛНАЗ: Қудайдың өлиминде! Бул дүньядан қыз таппай о дүньяға кетти
ғой.
АТАБАЙ: О дүньяға?
ГҮЛНАЗ: Ҳаў, өлим жазасы менен қамалса, о дүньяға кетпей космосқа ушып кете ме?
АТАБАЙ: Сонша аўыр қылмыс иследи ме?
ГҮЛНАЗ: Адам өлтирди! Адам! Мәзи бир адам емес, атақлы палўан еди, мениң күйеўим еди!
АТАБАЙ: Атабай қалай өлтиреди оны?
ГҮЛНАЗ: Абайсызда пышақ урған ғой. Болмаса, Султаныма 5-6 жалатайдың күши жетпейтуғын еди ғой.
АТАБАЙ: Атабайдың үй-иши аман ба?
ГҮЛНАЗ: Аман...бирақ, еки айдан берли Қутыбай аға наўқасланып атыр.
АТАБАЙ: Наўқасланып... қандай кесел екен?
ГҮЛНАЗ: Онкологиялық емлеўханада ғой.
АТАБАЙ: Онда рак... Баласының дәртинен бийшара... Атабайдан басқа хабар жоқ па?
ГҮЛНАЗ: Ҳүким орынланды деп еситпедик. Бирақ, бир сып-сың тарқалып жүр.
АТАБАЙ: Не сыпсың?
ГҮЛНАЗ: Атабай түрмеден қашыпты деген. Үйине де бир-еки рет милиция хызметкерлери келип кетипти дейди. Бул өтирик ғой. Түрмеден қалай қашады?
АТАБАЙ: Мен - сол Атабайман!!!
ГҮЛНАЗ: Гүманланып отыр едим-аў!

(Атабай мылтыққа асылмақшы болады. Гүлназ оның көкирегинен теўип жибереди. Атабай шалқасына қулайды. Гүлназ мылтықты оның көкирек аўзына тақайды)

АТАБАЙ: Гүлназ... Гүлназ!...
ГҮЛНАЗ: Бахытлы екенмен! Қандарым қолыма түсти! Сени өзим жазалайман. Өлим жазасын өзим беремен саған!
АТАБАЙ: Гүлназ... мени өлтирме! Мени кешир, Гүлназ...
ГҮЛНАЗ: Сен адам баласы кеширгендей қылмыс иследиң бе?
АТАБАЙ: Султанды өлтирген мен емес, мен емес! Өллә-биллә! Оны өлтирген Сәрдар! Бәрин түсиндирип беремен... Мениң ҳақ қаныма қалма, Гүлназ...

(Гүлназ кейин шегинеди. Атабай тикейип отырады)

ГҮЛНАЗ: Ал, айт, бәлким, бул соңғы сөзиң болар, бәлким, тири қаларсаң! Бирақ, жалған сөйлеме. Өтирик айтсаң, тап ҳәзир алдыма салып милиицияханаға айдап бараман!

АТАБАЙ: Бул былай болды, Гулназ. Мен естен айрылғанман. Оның үстине сени оғыры сүйгенликтен ҳәммеден қызғанатуғын едим. Султан сениң менен қосылдым деген хабар мениң төбеме жасын түскеннен кейин болмады.

ГҮЛНАЗ: Мени сүйеди деп ойладың ба? «Таўға бир жемис питипти, жеп көрейик немиз кетипти» деп босқа дәмелендиң бе?

АТАБАЙ: Жоқ, бул көрсе қызарлық емес еди. Мен сени ҳақыйқат сүйип қалған едим. Еледе гүдеримди үзбедим. Тек, жаным саў болса, түбинде таўып алатуғыныма исендим.

ГҮЛНАЗ: Сонда не, мени сүйеди деп үмит еттиң бе?

АТАБАЙ: Сүймесең де... сени сыртыңнан көрип жүргенимниң өзи маған қуўаныш ғой, Гүлназ. Ал, бирақ, Султанды өлтириў мениң қолымнан келмейтуғын жынаят. Бундай жаўыз ойға берилген емеспен. Лекин, мени мойынлатты. Мойынлаўға мәжбүр етти.

ГҮЛНАЗ: Ким? Кимлер?

АТАБАЙ: Буны соң айтаман, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Түрмеден қалай қашып жүрсең?

АТАБАЙ: Оннан қашып қутыламан деген ойым жоқ еди... Қудай келистирейин десе, ап-аңсат екен ғой, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Ал, ал, қалай болды?

АТАБАЙ: Бизлерди түрмениң машинасына мингизип бир жақларға алып баратыр еди. Қай жерде екенин билмеймен, түнниң ишинде машинамыз аварияға ушырады. Нениң не болғанын бир алланың өзи биледи. Бир жерде жаттым ба, я жол жүрдим бе, арадан қанша ўақыт өтти, билмеймен. Есиме келсем, ысылдаған сары қумның ишинде жатыр екенмен. Бир аяғым ақсап қалыпты. Шекемди сыйпасам, қыз-қызыл қанның дағы бар. Ийегиме шекем сорғалап қатып қалған екен. Аяғым кем-кем ашый баслады. Аяқ кийимимниң биреўи шала күйген, шалбарымның балағы да күйип өшкен...

ГҮЛНАЗ: Ҳмм... Бухара менен Газлиниң арасындағы жолда еки машын дүгисип, екеўи де жанып кетипти, биреўи газ балон тийеген машын екен деген хабар шығып еди гүздиң күнлери. Соннан биреўи сизлердиң машыныңыз болды ғой, шамасы. Ҳәмме адам жанып кеткен деп еди ғой.

АТАБАЙ: Мен... мен жанбай қалғанман ғой онда. Оттың ишинде пахтаны сақлайды деген. Жанып кеткен деп онша излестире бермей жүргени де соннан шығар. Түсиникли болды. Үйге милициялар барған болса усы хабарды айтты ма я басқа жумыс пенен барды ма, оны қудай биледи. Ал, соннан, талықсып қулап жүре алмай жатып қалыппан. Көзимди ашсам, тас-түнек, аяз. Аспан бултлы. Орнымнан зорға көтерилдим, басымның аўған жағына кете бердим. Бир жақты көринбейди, ийттиң даўысы да шықпайды. Кетип баратырман, кетип баратырман. Таң атты, жән-жақ жарық болды. Қарасам, алыстан түтин көринди, қорадай затты көзим шалды. Ысылдаған қум, бирақ, сәл қатыңқыраған. Не де болса сол тиришилик көринген жаққа барғым келди. Қарамды көриўден алдыма арсылдаған ийтлер жуўырысып шықты. Үйге жақынлатпайды. Соның арасында үйден бир адам шығып ийтлер үрип атырған жаққа келе берди. Қасқыр ма деп шыққан шопан мени көрип, ийтлерин қуўып жиберди. Оларды қатырып алдадым.

ГҮЛНАЗ: Мендей етип пе?

АТАБАЙ: Мен сени алдап атырғаным жоқ, мине, нан бар ғой, қудай урсын, Гүлназ! Күним ушын, шыбын жаным аман қалыў ушын оларды алдадым.

ГҮЛНАЗ: Не деп?

АТАБАЙ: «Жигули»име Нөкистен төрт адамды Төрткүлге апаратыр едим.

Жолда олар Ушқудыққа қарай айдаўды буйырды. Артта отырған биреўиниң пистолети бар екен, биреўинде пышақ. Қорыққанымнан солай қарай айдаўға мәжбүр болдым. Онлаған шақырым, яғаў, жүз шақырым жүрген соң олар машинаны иркти. Мени урып-урып, егер органға я биреўге айтсаң, Нөкисте төбенди көрсетсең өлтирип кетемиз деп қорқытты. Ҳәм мени есимнен танғанша урып, машинамды алып кетип қалды дедим. Шопанның үйи мени аяп, жараларымды таңып, онлаған күн үйинен шығармай сақлады. Соң тәўир болған соң да сол геллекесерлер өлтирип кетер деп жибермеди. Мен қойларын бағыстым, сол үйдиң бир адамындай болып кеттим. Қумда арқайын жүре беретуғын машины бар екен, үйимди сағынып кеттим деген соң түнлетип әкелип таслады. «Егер

қәўип дөнгендей болса, қайтып келерсең» деди... Мине, мениң шыным усылар. Инан, инанба, өзиң бил, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Жаңа неге мылтыққа асылдың?

АТАБАЙ: «Қорыққан адам бурын муш көтереди» дейди ғой, Гүлназ. Мен сеннен қорықтым. Ашыў менен атып жибе ме деп...

ГҮЛНАЗ: Сен өзи қоян жүрек екенсең ғой, Атабай?

АТАБАЙ: Тек, өлимнен қорқаман, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Өлген адам ҳеш нәрседен қорықпайды. Сен өлген адамсаң ғой, Атабай.

АТАБАЙ: Мен ақланып болып өлсем еди, бийгүнә кетсем еди...

ГҮЛНАЗ: Қалай ақланасаң?

АТАБАЙ: Қәйдем, билмеймен, билмеймен, билмеймен! Ақлана алмайман, тек, кегимди қайтарсам... Сәрдардан кегимди қайтарсам, әрмансыз болар едим. Жан достым Султанның да кеги қайтар еди, ол да тынышланар еди, оның әзиз руўхлары да мени кеширер еди. Бирақ, мениң ҳақ екенимди халық билмейди-дә! Сәрдарды өлтирсем, бәри-бир, жамаў үстине жамаў жамағандай боламан-дә! Оннан кейин ата-анама да, туўған-туўысқанларыма да тынышлық бермейди-дә. Лекин, муҳаббатым ҳәммесинен үстем.

ГҮЛНАЗ: Не муҳаббат?

АТАБАЙ: Саған деген муҳаббатым, Гүлназ. Сол муҳаббатым ғой мени Қызылдың ишинен бул жерге айдап келген. Қой, мылтығынды қыстырып қой. Биз саўаш майданында отырғанымыз жоқ. Анаў дуўтарды алып, бир нама шалып бер маған. Өлдим ғой сағынып, өлдим ғой жабығып... (Гүлназ мылтықты орнына қыстырып, дуўтарды алады, тарын сазлап, ески халық намасынан бирин шертеди.)

ГҮЛНАЗ: Мен онша келистире алмайман.

АТАБАЙ: Болады усы, болады, еситпегениме қанша болды... (жүдә берилип тыңлайды. Нама таўсылады)

ГҮЛНАЗ: Ендиги бағдарың қандай?

АТАБАЙ: Билмеймен. Сени таслап кете алмайман, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Қолыңнан қандай өнер келеди?

АТАБАЙ: Қәйдем...

ГҮЛНАЗ: Қызға ашық болыўдан, арақ ишиўден, адам өлтириўден басқа өнериң бар ма өзи?

АТАБАЙ: Адам өлтириўди маған жабыстырма, Гүлназ. Арақ ишиўге де онша ықласым жоқ. Сеннен басқа қызға да ашық болып көрген емеспен.

ГҮЛНАЗ: Дуўтар соға аласаң ба?

АТАБАЙ: Дуўтар? Соғып көрмедим-дә, бирақ, дайым дуўтар соғатуғын Шебер уста еди. Соғып атырғанын көргенмен. Нелерден исленетуғынын да билемен.

ГҮЛНАЗ: Онда еплеўге болады. Мейли, мен де бир жынаятқа қол урайын. Сениң өлим жазанды жигирма жыллық қамақ жазасы менен алмастыраман!

АТАБАЙ: Қолыңнан келе ме? Судта танысларың, қыймас адамларың бар ма?

ГҮЛНАЗ: Бүгин судтың кереги жоқ. Өзим судлайман сени. Қамалатуғын тюрмаңның начальниги де өзим боламан!

АТАБАЙ: Ол қалай? Ол...

ГҮЛНАЗ: Мен сени жигирма жыл қамақта услайман. Тырп етпей, қол астымда жигирма жыл жасайсаң. Ҳеш ким билмеўи керек. Соннан кейин... ерли-зайыплы боламыз.

АТАБАЙ: Жигирма жыл? Көплеў емес пе? Амнистия болмай ма?

ГҮЛНАЗ: Адам өлтиргенге болмайды.

АТАБАЙ: Бул жала ғой... мейли, мейли, қайылман. Сен не десең, сол мен ушын қағыйда, заң!

ГҮЛНАЗ: Төрги жайдың асты үлкен подвал. Сен сонда жигирма жыл жасайсаң. ишинде отырып дуўтар соғасаң, мен керекли затларын жеткерип тураман. Магнитофон, телевизор, радио орнатып беремен. Усы адамлар келетуғын жайдың бир көринбейтуғын жерине микрофон қоямыз. Ким келди, не сөз болды, ҳәммесин еситип отырасаң. Соң дуўтар сатып, жетисип кетсек ҳәр жерге көринбейтуғын видеокамера орнатып қоямыз. Сонда сен бәрин көрип-билип отыра бересең. дуўтарды мен өзим соғып атырғандай түр билдиремен. Сыртта жайлардың бирин устахана етип, сениң жонған ағаш қыйқымларынды, сүйеклерди, желимлерди, ағашларды сол жерге қоямыз. Ал, усындай шәртиме көнесең бе?

АТАБАЙ: Көнгенде қандай! Бирақ, жигирма жыл дым узақ емес пе? Екеўмиз де қырқ жастан өтип кетемиз ғой.

ГҮЛНАЗ: Аржағындағы қалған жасымыз да жетеди.

АТАБАЙ: Балалы бола алмай қаламыз ғой.
ГҮЛНАЗ: Мен бала туўмаўға, ана болмаўға ант ишкенмен! Егер бала керек болса, ҳәзирден баслап рухсат. Сендей жынаятшыны услап отыра алмайман! Түсиндиң бе?
АТАБАЙ: Түсиндим, түсиндим! Мейли, баланың, баланың илажы болар...
Тағы бир наманы гүмбирлетип жибер, Гүлназ! Қулақларымның шаңы кетсин...
(Гүлназ дуўтар шерте баслайды)

ПЕРДЕ

## БЕСИНШИ КАРТИНА

Султанның үйи. Арадан еки жылдан асламырақ ўақыт өткен. Бәҳәр күнлериниң бири. Музыка.

ДАЎЫС: Шадлық жойтса сарқырама сағасын,
Ғәплет басар инсан кеўилханасын.
Тағы жанлат жаслығымның намасын,
Сен дуўтарға айландың ғой, муҳаббат.

Таң артынан атып атыр таң, мине,
Босқа өткен өмир - қурғақ әңгиме,
Бир-бирине қосылмастай мәңгиге -
Сен жуп тарға байландың ғой, муҳаббат...

(есик беттен Гүлназ, журналист қыз ҳәм видеокамерасын ийнине салған оператор жигит киреди.)

ГҮЛНАЗ: Мине, усы үй бизики. Былай шығып, мына столда отыра ғойың. Сөйлесип отырыўға қолайлырақ болар. (олар отырады) Мен шай-пай қойып келейин.
ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Шай-пайдың дым кереги жоқ, ўақтымыз зық. Қарап отырғанша сөйлесип, жумысларымызды питкерип отырайық. (сумкасынан блокнотын, ручкасын шығарып алдына қояды)

ГҮЛНАЗ: Мейли... мениң онша аўыз толтырып айтатуғын қаҳарманлығым
жоқ. Балалар үйинде тәрбияланғанман, педагогикалық училищени питкерип, усы аўылдағы мектепте баслаўыш класс муғаллими болып ислеп атырман. Быйыл үшинши жыл.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Күйеўиңиздиң кәсип-кәри?

ГҮЛНАЗ: Күйеўим жоқ ғой.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Турмысқа шықпағансыз ба?

ГҮЛНАЗ: Шыққанман.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Жулдызыңыз жараспады ма?

ГҮЛНАЗ: Жулдызымыз оңлы табыспай атырғанда-ақ...

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Түсинбедим... Неше жыл қослас болдыңыз?

ГҮЛНАЗ: Қаяқтағы жылды айтасыз-аў... Бизлер тек ғана бес саат ерли-зайыплы болғанбыз. Енди түсиндиңиз бе? Бес саат! Ҳәтте, туңғыш түнимизди де көре алмадым. Биринши ақшам ләззетин татпадық бизлер... мен мойныма «ҳаял» деген жарлық байлап қойған қызбан... Мениң Султаным дәслепки кешимизди көре алмай мәңгиге кетти. Ол мениң жаслығымды, қуўанышымды, бахытымды, муҳаббатымды өзи менен бирге алып кетти. Ол жер үстинде тек мениң сүлдеримди қалдырып кетти...

(дуўтарда «Илме Султан» намасы шертиледи)

СУЛТАННЫҢ ДАЎЫСЫ:

Тағы бәҳәр келди ме, тағы әрман келди ме,
Кеўлиндеги муҳаббат мениң менен өлди ме,
Көзиндеги ушқынлар әлле қашан сөнди ме,
Умыттың ба сен мени, жубандың ба, сәрназым?
Мен ҳеш қашан қасыңа бара алмайман, Гүлназым.

Талай бәҳәр келеди, саған шабар гүл алып,
Дийдарыңа булт қонар жамғыр менен жыланып,
Сағынсаң да мен жоқпан! Мен жоқпан ғой, бул -
Мен ертерек таўыстым өмиримниң пәрўазын,
Мен деп төккен жасыңнан айналайын, Гүлназым!

(Гүлназ еңиреп орнынан турып төрги жайға кирип кетеди. Журналист қыз бенен оператор аң-таң)

ОПЕРАТОР: Еси дурыс нашар ма? Күйеўин сорап не қылайын деп един?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Көрсетиўимизде шаңарағы туўралы да айтыўымыз

керек ғой. Балларың нешеў деп сорамақшы едим.

ОПЕРАТОР: Бес сааттың ишинде бала бола ма? Журт бес жылда да балалы бола алмай жүр. Қой, кете берейик. Басқасы қапылмас.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Тоқтай тур, солығын басып алсын. Енди әңгимениң темасын өзгертемиз. Бизге семьясының, кәсибиниң кереги жоқ-аў онша. Не көп семья көп, не көп муғаллим көп...

(жаўыннан кейинги ашылған гүлзардай жайдан Гүлназ келеди)

ГҮЛНАЗ: Кеширерсизлер... сизлерди шоршытып жибердим бе?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Зыяны жоқ, зыяны жоқ. Отырың.

ГҮЛНАЗ: (отырады) Гейде Султаным ядыма түссе өзимди жоғалтып аламан.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Биз енди тийкарғы мәселеге көшейик. Республикамызда сизден басқа дуўтар соғатуғын қыз бар деп еситпедим. Бул өнерге қызығыўшылығыңыз қалай ҳәм қашан басланды?

ГҮЛНАЗ: Қысқартып айта қояйын. Балалар үйинде бир дуўтарымыз бар еди. Соны таласып жүрип бир бала сындырып қойды. Сынғанда да пашақ-пашақ болды. Енди оны тасламаса дәртке аспайтуғын еди. Мен дуўтарға қызығатуғын едим. Таслатыўға көзим қыймады. Керекли желим-пелимлерин таўып соны көп күнде келеге келтирдим ғой. Тап бар ғо, сол дуўтар бурынғыдан да шыққыш болып кетти. Тәрбияшыларым сол дуўтарды маған саўға етти. Соннан баслап дуўтар соғыўға да, шертиўге де ықласым оянды. (залға) Өтиригимди өзиң кеширгейсең, қудайым!

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Устазыңыз болды ма?

ГҮЛНАЗ: Не устаз?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Дуўтар соғыўға үйреткен?

ГҮЛНАЗ: Жоқ, ким үйретсин! Тек, өтирик болмасын, бир-еки устаның жумыслары менен таныстым. Ақтубадағы Сейтнияз устаның балларының, Шорахандағы Орынбай устаның үйлерине барып, қәйтип ислейтуғынын көргендей болдым. Бирақ, бул бир кийели өнер ғой. Оның үстине, өнерментшилер қызғаншақ адамлар болады. Оларға анық шәкирт болып изине ерип, оты менен кирип күли менен шықпасаң, ким болса соған өнерин үйрете бермейди. Қайсы устаз болса да шәкиртине өнериниң бир сырын үйретпейтуғын қусайды. «Шәкирт устаздан озады»

дегенди олар ар көрсе керек. Әлбетте, көзи тирисинде, өлип баратырғанда жаңағы соңғы сырын айтып кететуғын қусайды.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Онда сиз де бизге сырыңызды айтпайсыз ғой?

ГҮЛНАЗ: (күледи) Мен еле сыр сақлайтуғын устазлыққа жетискеним жоқ. Сырым да усы, шыным да усы.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Ҳәр устаның соққан дуўтарының парқы бар шығар?

ГҮЛНАЗ: Әлбетте... Биреўлериники қараўғанға сулыў, бирақ, сести онша шықпайды. Биразы гүмбирлеп шығады. Сазенделер ушын даўысы шыққыш дуўтар жақсы, бақсылар ушын қосық айтқанда гиржектиң даўысы менен алысатуғын дуўтар керек. Қазба дуўтар, тилме дуўтар болады. Туттың ағашы тийкарғы материал. Шеңгелден қурама дуўтар соғатуғын усталар да бар қусайды. Бурын болған ба, мен оны көрмедим. Мен Сейтнияз, Бектурған, Орынбай, Сәлменбай, Қурбанбай усталардың соққан дуўтарларынан бир-бирден үлги ретинде әкелип қойыппан. Устаханамда илдириўли тур. Көрсетемен.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Дуўтарды тез соғасыз ба?

ГҮЛНАЗ: Материал табылып турса, жумыстан бос ўақтымда қарап отыра алмайман. Ҳәптесине биреўин таяр етемен. «Бес перде» ансамблине он дуўтар, «Наўрыз» ансамблине 12 дуўтар, «Мухаллес»ке 15 дуўтар соғып бердим. Көп адам буйыртпа берип, үйден әкетип турады. Пәлен сом бериң деп ширенип отырмайман. Нырқын өзлери шығарып, мени де қапа етпейди. Әйтеўир, соққан дуўтарларым тойға, қуўанышқа хызмет етсе болды.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Онда, Рейимбай, съёмканы баслаймыз ба?

ОПЕРАТОР: Басласақ баслайық. Мен сыртқа барып дөгеректеги көринислерге бир нәзер таслап қайтайын. Далада бәҳәр, жапырақлар шығып қалған. Сөзин де сыртта жазып алғанымыз мақул болар.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Олай болса, дәслеп устаханада ислеп атырған көринислерди алайық.

ГҮЛНАЗ: Сол шәрт пе? Гилең ағаш, қырынды-сырынды, көзге ысық көринетуғын зат жоқ. Желимниң ийси де сасық.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Оның зияны жоқ. Пленкаға ийси түспейди ғой.

ГҮЛНАЗ: Режиссёр әкелмепсиз-дә.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Режиссёрымыздың көзи аўырып, дикторымыздың

тамағы аўырып атыр. (олар күлиседи)

ГҮЛНАЗ: Сизлер енди мениң устаханамда дуўтар соғып атырғанымды, бир-еки таяр дуўтарды, мениң үш-төрт аўыз сөзимди, изинен дуўтарда атқарған бир намамды түсирип аласыз да телевизордан көрсетиў берген боласыз. Солай ма? (журналист қызға) Сизиң атыңыз ким еди?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Улдай.

ГҮЛНАЗ: Атыңыз Улдай болса, таярлаған көрсетиўиңиз-әм улдай болыўы керек.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Түсинбедим.

ОПЕРАТОР: Жақсы болсын деп атырғаны шығар?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Енди оннан артық не қыламыз?

ГУЛНАЗ: Мениңше, сизлердики көрсетиў емес, ал, реклама болып шығады ғо. Мен өзимниң хызметимниң, яғный өнимлеримниң рекламаға айланғанын унатпайман. Дуўтар соғыў деген не? «Еринбеген етикши болады» дейди ғой. Бул өнердиң изинен қалмаған сөзсиз дуўтар соға алады. Бирақ... (орнынан турып кетип дийўалдағы дуўтарды қолға алады) мине, мынаў дуўтар... Бул мәзи дуўтар ма? Жоқ... Бул қарақалпақ халқының поэзиясы ғой. Бул дуўтар бабамыз Бердақ ғой. Бундағы жуп тар бабамыз Әжинияз ғой. Мен дуўтар шалған ўағымда екеўи еки ийнимде турып тыңлап турады, сынап турады, өзлери шертип, өзлери дөретип кеткен намаларының еле де өлмегенин, еле де жаңғырып еситилип атырғанын мақтаныш етеди. Бул дуўтар әжайып еки шайырымыздың жүреги, жаны, ҳәтте, көз жаслары. Екеўи бири-бирисиз жасай алмайды. Дуўтар болмаса, қуры тардан сес шығарма еди, тары болмаса қуры дуўтар мәзи бир ағашқа айланбас па еди...Сизлер асығыс болмағанда дуўтар туўралы көп нәрселерди, аңызларды, тарийх-әпсаналарды айтып берер едим.

ОПЕРАТОР: (саатына қарап) Күн кешкирип қалды, Улдай. Тезлетпесең, сыртта съёмка алыўға үлгере алмаймыз.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Ҳәзир... мен бир пикирге келип алайын.

ГҮЛНАЗ: Әне, сондай! (дуўтарды орнына қыстырады) Кеўлиңизге келмесин мен ҳаққында ондай реклама көрсетиўдиң кереги жоқ. Сизлер алды менен дуўтардың ҳаслы мәнисин түсиниң.

Әңгиме оны соғыўда емес, ал... Қулласы, сценарий жазып, басқа ўақта келе ғойың.

ОПЕРАТОР: Онда не, бүгинги съёмка болмай ма?

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Гүлназдың гәпинде жан бар. Бул жөнинде ойланыўға туўра келеди. Гүлназ, соң келермиз онда. Енди кете берейик. Сизге тағы бир саўал берсем, мүмкин бе?

ГҮЛНАЗ: Неге мүмкин болмасын...

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Отырғалы көзим түссе бир түрли болып кетемен. Анаў дийўалдағы гилемниң үстине дуўтар менен қатар мылтықты да қыстырып қойыпсыз?

ГҮЛНАЗ: (күлимсирейди) Сиз журналист болған соң бир нәрсени аңғарып отырсыз, Улдай. Жер үстинде деймиз бе, бул дүньяда деймиз бе, өмир менен өлим бар. Олар адамзат, улыўма, тиришилик пайда болғалы бирге киятыр. Мылтық-өлим, дуўтар-өмир. Бири ҳәсирет болса, бири шадлық. Бири көздеги жас болса, бири көздеги нур. Асқынлап баратырсам мылтыққа қарайман, қапалансам дуўтарға қарайман. Бизде той болып атырған жерде мылтық атылмайды, қаза болып атырған жерде дуўтар шертилмейди. Бирақ айрым жүреклер болады, олар мылтықтың да, дуўтардың да хызметин қәлеген пайтын да атқара алады. Мылтық пенен дуўтар... екеўи еки дүнья. Ал, көп сөйлеп кеткен болсам, кешириңизлер. Бир өзим жасағаннан кейин базда ишим писеди. Улдай, онда қашан келесизлер?

(ҳәммеси орынларынан турады.)

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Ҳәзир анығын айтыўым қыйын-дә, бирақ, дуўтар ҳаққында үлкен көрсетиў таярлайман. Маған көп ой салдыңыз.

ГУЛНАЗ: Гәплерим көп еди, айта алмадым. Сизлер келгенше ядыма түсирип қояман ғой.

ЖУРНАЛИСТ ҚЫЗ: Ал, яқшы, Гулназ!

ГУЛНАЗ: Ийттен шығарып салайын. (олар сыртқа шығады. Сахна аз-маз бос турады. Гулназ қайтып келеди)

Телевидениеге түспегеним мақул болды. Миллионлаған теле-тамашагөй алдында көз боямашылық еткеним гүллий гүнә ғой. Ендиги келгенинде де дуўтар соғыў емес, дуўтардың келип шығыў тарийхы, халық намалары, бақсылар, сазенделер ҳаққында сөйлеймен. Соған таярлық көриўим керек.

(төрги жайдан сақаллы Атабай шығады. Күни-түни подвалда жатқаны түринен билинип турады.)

АТАБАЙ: Не қылдың, жаңағыларды жибердиң бе?

ГУЛНАЗ: Кетти... съёмкаға түспей қутылып қалдым. Тағы бирде келетуғын болды.

АТАБАЙ: Әй, оған дейин қудайыразақ. Сыртқы қапыларды тас қылып илдиң бе?

ГУЛНАЗ: Аўа, енди ким келер дейсең, арқайын отыра бер.

(олар диванда қатар отырады.)

АТАБАЙ: Сени баўырыма басқым келеди, Гулназ! Шыдамай баратырман... (оған қыйсаңламақшы болады)

ГУЛНАЗ: Жөниңе отыр! Берген шәртинди умыттың ба?

АТАБАЙ: Умытпадым... бирақ, бирақ... жигитпен ғой, Гулназ... Далада бәҳәр, ол бизлердиң бәҳәримиз болсын, Гулназ.

ГУЛНАЗ: Жоқ! Бизлердиң бәҳәримиз еле узақта… оғада алыста...

АТАБАЙ: Тезлетиўге болмай ма, Гулназ? Бәри өзиңниң қолында ғой.

ГУЛНАЗ: Болмайды, Атабай, болмайды. Еле он жети жыл күтиўиң керек.

АТАБАЙ: Он жети жыл... Бир жигиттиң өмири ғой.

ГҮЛНАЗ: Сен неге асығасаң? Сен өлген адамсаң! Сен тирилердиң санында жоқсаң!

АТАБАЙ: Жер астында он жети жыл шыдарма екенмен?

ГҮЛНАЗ: Шыдайсаң! Үш жыл шыдадың ғой. Өнер үйрендиң. Сениң дуўтарларың қанша жерлерге таралып кетти! Қанша тойларға, қуўанышларға хызмет етип атыр. Сен усыған қуўан! Сен зинданда жатырсаң да халқыңа хызмет етип атырсаң. Сен усыған қуўан!

АТАБАЙ: Буғанда қудайға шүкир, Гүлназ. Буғанда шүкир! Бирақ…

ГҮЛНАЗ: Не бирақ? Қарның аш па?

АТАБАЙ: Жақ, ол жағынан кеўлим де, қарным да тоқ. Жақында әкемниң өлгенин айтып келдиң. Басында бола алмадым. Еки бүйиримди таянып ўай-ўай салып жылап тура алмадым... (көзлерин сыпырады)

ГҮЛНАЗ: Оған қапа болма, Атабай. Бул дүньяның бәри әрман ғой, таўсылмайтуғын әрман ғой, Атабай. Биреўлер ўа-ҳа-ҳа салып шақалақлап күлгенди әрман етеди. Биреўлер ўай-ўай салып қан жылағанды әрман етеди. Бир көзиңнен ушқын шашыраса, бир көзиңнен жас тамшылайды. Бир қолың менен от усласаң,

бир қолың менен муз услайсаң. Адамға бахытлы өмир тегинликте келмейди, Атабай. Ол қанша арпалысларда қанатын жулдырады, қанша отларға пәрлерин үйтеди, қанша суўларға сүңгип мантығады. Бахытты қус дейтуғыны соқлықтан шығар. Ол қус, ол үрпек қус...

АТАБАЙ: Ол бизлерди таўып алар ма екен Гүлназ? Бизлердиң де басымызға қонар ма екен Гүлназ? (орнынан турып кетеди) Тезирек, тезирек келе ғой, бахыт қусымыз! Мен де жанып кеткен адамман ғой, мен де күлге айланған қуспан ғой, мен де өз гүлиме қарай тәғдир даўылларында ушып келген күлмен ғой. Атабай жоқ бул дүньяда, оның тек күли бар. Оның көз алдында жасап атырған гүли бар... Лекин, көз алдында жасаса да жүреклери еле бир-биринен алыста, жүдә алыста, жети житиримде! Оның дийдарына қолым жетип турса да, жүрегине жетиўим ушын он жети жыл жол жүриўим керек. Он жети жыл зиндан өмирим қалды...

Музыка

ПЕРДЕ

АЛТЫНШЫ КАРТИНА

Тағы да Султанның үйи. Бесинши картинадағы ўақыялардан кейин еки жылдай ўақыт өткен.

Қолында машинаның гилтин айландырған, аўзында темекиси Сәрдар киреди. Ол тум-тусқа қарап турады.

СӘРДАР: (даўыслап) Гүлназ! Ҳа, Гүлназ? Бул қаяқта жүр екен. (көйлегиниң алдына фартук байлаған Гүлназ көринеди)

ГҮЛНАЗ: Ҳэ, сенбисең? Не өзи, аманлық па?

СӘРДАР: Аманлық болмаса, келмеў керек пе?

ГҮЛНАЗ: Сыйыр саўып атыр едим.

СӘРДАР: Саламатсаң ба? Сени сыйыр саўыўдан қутқарыўым керек. Усы формаң менен сыйырдың емшегине асылғанды қойса! Сени ондайға қыйғым келмейди. Отырсақ бола ма?

ГҮЛНАЗ: Отыра алсаң, отыр.

СӘРДАР: Отыра алмай, мен не, жаңа аяқланған баламан ба?

(креслода отырады)

ГҮЛНАЗ: Сен усы мениң үйиме неге келгишлей бересең? Я бул үйде қатар жораң болмаса...

СӘРДАР: Жораның маған бир тыйынға кереги жоқ. Сен керексең маған! Сен...

ГҮЛНАЗ: Мени не қыласаң?

СӘРДАР: Қатын қыламан! Түсиндиң бе?

ГҮЛНАЗ: Аўзынды ырбыйта берме! Мен сениң ойыншығың емеспен. Үйиндеги қатының не, азлық етти ме?

СӘРДАР: Маған бала керек, Гүлназ!

ГҮЛНАЗ: Ҳәә, балаң жоқ па?

СӘРДАР: Еки рет туўып еди. Биринши туўған баласының бир қолы жоқ, дурыслап еситпейди, үш жылдан берли тили жоқ еле. Я күлмейди, я жыламайды. Екинши туўғанының ул екени де, қыз екени де белгисиз. Бир көзи жоқ, қулақлары күшиктиң қулағындай салбырап кеткен...

ГҮЛНАЗ: Бул дүньяда майып, нәренжан, есаўан адамларды көбейте берип не қыласаң, Сәрдар? Онысыз да жеткиликли емес пе? Сеннен ҳеш ўақытта да ес-ақылы пүтин, он еки мүшеси саў, ден-саўлығы мықлы бала туўылмайды.

СӘРДАР: Қапылтпаш! Не ушын?

ГҮЛНАЗ: Себебин өзиң билмейсең бе? Сен наркомансаң! Билдиң бе? Наркотик деген адамзат өмирин уўлап атырған зәҳәрли жылан! Сен бир емес, он қатынға үйленсең де, бәрибир, сондай адамға уқсамаған мақлуқатлар туўыла береди.

СӘРДАР: Саған үйленсем, шеккенди қояман! Ҳәтте, мынандай сигаретти шеккенди де қояман! (ылақтырып жибереди)

ГҮЛНАЗ: Ҳаў, үйге от берерсең!

СӘРДАР: Ҳәзир өширип таслайман! (табаны менен езип өширеди) Емленемен...

ГҮЛНАЗ: Енди кеш...

СӘРДАР: (орнына келип отырады) Мен тек ғана сен ушын иследим бәрин. Мен тек сен ушын жасап жүрмен, Гүлназ! Неге түсинбейсең, неге түсингиң келмейди? Сен Султан менен түнемеген екенсең ғой. Сениң нашарлық дуньяңа жол ашылмаған екен ғой. Султан сөйдеди. Туңғыш ақшамымыз енди болады деген еди... Мен сонда сени оған қыйғым келмеди. Сени оның менен бир төсекте жатқарғым келмеди.

Түбинде сен меники болатуғынына исендим...сөйтип...сөйтип...

ГҮЛНАЗ: (қалтырап кетеди) Султанды сен...

СӘРДАР: Аўа! Султанды мен өлтирген едим!!! (күшли музыка)

ГҮЛНАЗ: Жаўыз!!! (сөз таба алмай қалады) Қанхор!!!

СӘРДАР: Бәрин сен ушын иследим, Гүлназ... Оларға иштирген екинши шийше уйқлататуғын дәри қосылған арақ еди. Саған иштирип нийетиме жетпекши едим. Сотланыўдан қорқып, барлық бәлени Атабайдың мойнына аўдардық.

ГҮЛНАЗ: Сонда... оны да өлтирген сен ғой! Ол тек өлип кетпей, бетине, ҳүжданына, адамгершилигине дақ түсирип кетти ғой...

СӘРДАР: Бәри умытылып киятыр, Гүлназ. Ендиги жағында сениң жолыңнан былай-былай аўытқымайман. Буған сөз беремен!

ГҮЛНАЗ: Сен мәрт жигитсең бе, Сәрдар?

СӘРДАР: Қандай мәрт екенимди өзиң тән аласаң еле. Қосылып ала берейик. Мен бахытлы етемен сени, Гүлназ.

ГҮЛНАЗ: Яқшы, өлгенлер өлип кетти. Енди орнына келмейди. Бирақ, Атабай гүнасынан пәклениўи керек ғой. Султанның жанын қыйған ким екенин халық билиўи керек ғой. Ямаса, бәрин қудайдан көрип, ўақыт өткен соң адамлар умытып кетеди деп ойлайсаң ба? «Қыңыр истиң қырсығы қырқ жылдан кейин де шығады» деген емес пе?

СӘРДАР: Айтса, Гүлназ, сонда мен не қылыўым керек?

ГҮЛНАЗ: Анық маған ашық болсаң, мен керек болсам, екеўимиз қосылатуғын болсақ, сен судтың алдына барып Султанды өлтиргенинди мойынла! Сөйтип, ерлигинди көрсет маған!

СӘРДАР: Бул қолымнан келеди, бирақ, сотланып кетпеймен бе?

ГҮЛНАЗ: Оны суд биледи. Бәлким жеңил жаза берер. «Өткен иске салаўат» деп кеширип жиберер. Гөне патлақты жаңартпай-ақ қояйық дер. Себеби, Султанның арына шаўып, даўын даўлап жүретуғын меннен басқа адамы қалды ма? Егер мен керек болсам, маған дийдарың қурып турған болса,менсиз жасай алмайтуғын болсаң, усы шынлықты ашық-айдын айт. Халық еситсин, ел көрсин...

СӘРДАР: Мен тап ҳәзир-ақ айтаман! Қылмысымды мойынлайман! Ерлигимди көрсетемен! (Ол асығыс түрде шығып кетеди. Машинаның узақласып баратырған даўысы. Төрги жайдан қолында аудиокассетасы менен Атабай шығады.)

АТАБАЙ: Мине, Гүлназ, ҳәммесин жазып алдым. Сәрдарға исенип бола
ма, айнымалы жигит. Ертең сөзинен тайынғандай болса, өз даўысы өзиниң аяқ-қолын байлап береди. Гүнасын мойынлады. Биреў зорлап айттырған жоқ оған!

ГҮЛНАЗ: Пай, тәўир болды-аў! (кассетаны алып қалтасына салады)

АТАБАЙ: Жүрегим алып ушып баратыр, Гулназ! Мен ақландым, Султанның алдында, сениң алдында, елдиң алдында тырнақтай да айыбым жоқ екенине тақыйық исендиң бе? Әй, қудайым-аў, бул күнге де жетеди екенмен-аў... Өлип кеткенимде бийгүна кете береди екенмен-аў! Енди азатпан! Енди бизлер бахытлы боламыз, Гүлназ!

ГҮЛНАЗ: Жаңағы Сәрдарға ўәде берип қойдым ғой... (күледи)

АТАБАЙ: Сол қанхорға ма? Жоқ, Гулназ, сен оны алдадың, солайма? Алдадың ғой, я? Енди оны ҳеш қандай қүдирет те қутқарып қала алмайды. Жаңағы кассета оның басына жетеди. Мениң орныма ол атылады. Мениң айыбым жоқ ғой. Мени кеширмес пе екен?

ГҮЛНАЗ: Кеширеди. Қашқын деп айыплағанда да бес жыл ишинде сен ҳеш қандай жынаят ислемедиң ғой.

АТАБАЙ: Енди сен айтыўың керек ҳақыйқатлықты. Бизлер қосыламыз, үлкен шаңарақ боламыз, ул-қызларымыз болады...

ГҮЛНАЗ: Мен ана болмаўға ант ишкенмен, Атабай.

АТАБАЙ: Ана болыў үлкен мәртебе ғой, Гүлназ. Антыңды буз, сөзиңди қайтып ал! Уллы анамыз, Массагетлер патшасы Тумарис те нәресте қусап бесикте жатып, анасының ҳәййиўин тыңламаған. Ана мәммесиниң ақ сүтин ембеген. Ол дүзде өскен, оны дүз аңлары, таў ешкилери сүти менен бағып, шапқыласып бирге ойнатқан. Ол көкиреги кеңликти, жабайы аңлардай еркинликти, перзентке деген мийрим-шәпәәтти шөллерден, таўлардан, суўлардан тапқан. Массагет қәўимлериниң патшасына турмысқа шығып уллы болған. Патша өлип жесир қалғанда орнына патша болған. Бирақ, ер жүрек уллы Кир патшасы Қәйхысраў ләшкерлерине тутқынға түседи. Сонда Тумарис анамыздың перзенти душпанның жазалаўын ар көрип, ғайры патша алдында өзин-өзи шалып өлтирген... Тумарис анамыз перзент дағын тартқан ҳәм Қәйхысраў патшаның басын қанға толтырылған меске тығып, саған

кереги қан болса, мантығып өлтирейин, қанхор патша деп жазалаған...

ГҮЛНАЗ: Мен балалы болыўдан қорықпайман, Атабай... ал, сол баламыз ержетип турғанда оннан айрылып қалыўдан қорқаман... Өмиримше Султанға садық қаларман деп едим, болмады. Тәбият заңына да бойсынбасқа болмайды екен. Биреўлер бир тырнаққа зар, биреўлер баласынан бийзар. Буған Султаным не дер екен?

(қыстырыўлы турған Султанның портретиниң алдына барады)

СУЛТАННЫҢ ДАЎЫСЫ: Ҳәсиретлим, Гүлназ, көз жасларыңды сүрт, енди ол ҳеш қашан тамбасын. Бизлер дуўтардың жуп тары екенбиз, Гүлназ, сол жуп тар бир-бири менен есилип қалса, дуўтардың үни шықпай қалады. Биз темир жолдың еки рельси екенбиз, Гүлназ, еки рельс бир-бири менен қосылып қалған жерде поезд апатшылыққа ушырайды. Биз бир-биримизге мәңги жақын жасаймыз, бирақ, қосыла алмаймыз... Мениң ошағым енди-енди гүрлеп жана баслағанда биреўлер суў қуйып пысқытты ғой, Гүлназ. Мениң атызымдағы дақылым алтын масақ байлап енди-енди орақ салайын деп турғанда биреўлер оған от берип жиберди ғой, Гүлназ... Кемем соғылып питип, енди-енди суўға салайын деп турғанда теңизим тартылып кетти ғой, Гүлназ. Тулпарымның ер-турманын сазлап, енди-енди өмир сапарына атланайын деп турғанымда тәғдир оның дойнақларын ақсатты ғой, Гүлназ... Енди маған алаң болғанды қой, сен еркин қуссаң, сени бәлент пәрўазлар күтпекте, Атабай екеўиңе сәтли сапар тилеймен. Атабай да басқа емес, балалықтан берги жорам... Бахытлы болыңлар, илайым!

ГҮЛНАЗ: (еңиренип жылайды) Бахытлы бола алсақ, Султаным, бахыттың ҳәммеси өзиң менен кетип, маған тек ҳәсирет, қайғы, әрман қалмады ма екен?

АТАБАЙ: Жоқ, Гүлназ! Биз өз бахтымызды өзимиз жаратамыз! Бизиң бахтымыз таў тасларындай беккем болады, дала гүллериндей гөззал болады, бәҳәр селлериндей тасқын болады. (Гүлназды қапсыра қушақлайды. Гүлназ қарсылық көрсетпейди. Аўзынан сүймекши болғанда сыртта машынның даўысы)

ГҮЛНАЗ: Келди! Сәрдар келип қалды...

(Атабай төрги жайға кирип кетеди, Сәрдар келеди)

СӘРДАР: Келдим, Гүлназ...

ГҮЛНАЗ: Не қылдың, барып қылмысынды мойынладың ба?

СӘРДАР: Жақ, қорықтым.

ГҮЛНАЗ: Қорқақ екенсең ғой. Адам өлтириўге қорықпайсаң, шынлықты айтыўға қорқасаң. Сен нәмәртсең, Сәрдар! Маған сендей нәмәрт жигиттиң кереги жоқ. «Нәмәрт жигит неге дәркар?» деп Аббаз шайыр да қақсап кеткен ғой.

СӘРДАР: Ҳаў, қалай айтайын, Гүлназ. Бир юрист жорама сондай-сондай ҳәдийсе болса, изи қандай болады деп айтып көрип едим, бир адам емес, еки адамның өлимине себепши болғанлықта өлим жазасына кетеди деди. Егер мен мойынласам сеннен де, бул дүньядан да, өмиримнен де айрылады екенмен!

ГҮЛНАЗ: Бәрибир, онда сен арқайын жасай алмайсаң. Өзим барып барлық ўақыяны айтып беремен.

СӘРДАР: Сени қудай ура ма, ҳаў! Мен мойынламайман, ҳәммеси сандырақ деймен! Жала деймен!

ГҮЛНАЗ: Мойынлатаман! Мойынламай қаяққа барасаң?

СӘРДАР: Мойынлатып болыпсаң?!

ГҮЛНАЗ: Бағанағы айтқан сөзлериңниң бәри мине, мынада сайрап тур. (қалтасынан кассетаны алып көрсетеди) Көрдиң бе?

СӘРДАР: Қойса! Гүлназ... маған бер оны, маған бер...

ГҮЛНАЗ: Неге береди екенмен! Бул мәзи кассета емес, еки арысландай жигиттиң төгилген бийгүнә қаны!

СӘРДАР: Маған бер деймен! Не қәлесең, берейин. Алтын десең, алтын...

ГҮЛНАЗ: Жоқ, ҳеш нәрсе керек емес! Енди бул кассета сениң ҳарамы қанынды суўдай шашады! Жер үстиндеги бир жаўыздың көзин қуртады!

СӘРДАР: Адам тәғдири менен ойнама!

ГҮЛНАЗ: Ойнап турғаным жоқ. Сениң тәғдириңниң ойыны таўсылған, Сәрдар!

СӘРДАР: (Гүлназға жақынлайды) Бер маған! Енди зорлығыма ушырайсаң! Енди аямайман, Гүлназ!

(Гүлназға асылады. Айқас. Төрги жайдан Атабай шығып оларды айырады ҳәм Сәрдардың көкирек-аўзына жудырығы менен таслап жибереди. Сәрдар полға ушып түседи.)

ГҮЛНАЗ: Мени жалғыз деп ойладың ба?

СӘРДАР: (зорға тикейип отырады) Әй, мынаў қаяқтың сақалы-әй!?

АТАБАЙ: Көзинди ашыңқыра, қанхор!

СӘРДАР: Сен... сен Атабайсаң ба? Ҳаа, сени ҳәмме өлди деп жүрсе,

қашып жүр екенсең ғой, қашқын!

ГҮЛНАЗ: Ол жаладан қашып жүр, сен болсаң шынлықтан қашып жүрсең!

СӘРДАР: Болды, болды! Енди сени тутып беремен!

АТАБАЙ: Тутып бер! Дастығымды ала кетемен!

ГҮЛНАЗ: Қойса, усы дастық бола ала ма? Буның өзи кетеди. Ҳақыйқатлық биз тәрепте.

СӘРДАР: Көремиз ким тәрепте екенин. Асықпай турың! (ол сыртқа асығыс шығып кетеди)

АТАБАЙ: Мени тутып бере алар ма екен?

ГҮЛНАЗ: Бир тутыўға тутар, бирақ, кассетада өзиниң жынаятына өзи гүўа болып тур ғой. Көп етип плёнкаға көширемиз. Бир жер болмаса, бир жер тыңлар. Сен ҳаўлықпа!

(Сәрдар қайта киреди. Қолында пистолет)

СӘРДАР: Енди жалындыратуғын шығарман! Қәне, Гүлназ, кассетаны соз!

ГҮЛНАЗ: Сеннен шайтаным да сескенбейди.

АТАБАЙ: Бизлер турмыс қурып атырмыз, Сәрдар, тынышлығымызды бузбасаң-о!

ГҮЛНАЗ: Жалынбаса, Атабай, берекет тап, сықылы-сыйқы келиспеген адамнан кеңес сорама деген. Көзи қанталасып қутырған ийттен мийрим-шәпәәт күтпе. Қудай берген жанды қудай алады.

СӘРДАР: Мен аламан! Ҳәзирги қудайыңыз - мен!

(Атабай әсте-ақырын дийўалдағы мылтыққа қарай жақынлай береди. Мылтықты қолына алған ўақта Сәрдар атып жибереди. Атабай атыўға үлгере алмай қалады. Мылтықты қушақлаўы менен қулайды)

СӘРДАР: Яқ, сени атпайман. Сениң арқа сүйеген таўынды қулаттым. Ал,

сен еле маған керексең. Кетемиз! Жүр деймен, басымызды алып кетемиз!

ГҮЛНАЗ: Кетемиз? Жоқ, мен Атабай менен о дүньяға кетемен...

СӘРДАР: Бул сақалды қой, ол қашқын ғой! Ҳәзир милицияға хабар етемен. Қашқынды тутып алдым деймен. Ол тирилей қолға түспеў ушын өзин-өзи атты деймен. Пистолети бар екен деймен. Мына пистолетти қолына услатып кетемиз. Бизлерге

хеш бәле келмейди, хеш ким гүманланбайды. Гүлназды өлтириўге келген екен деймиз.

ГҮЛНАЗ: Рас-әй, ап-аңсат екен ғой адам өлтириў... ал, оның қылмысынан қутылыў оннан-әм аңсат екен ғой. Сен бундайларға оғада шебер екенсең ғой, Сәрдар. Неше адам өлтирдиң?

СӘРДАР: Ўәй, қойшы, Гүлназ. Бол тез, биреўлер келип қалар.

ГҮЛНАЗ: Кете бер өзиң. «Баспақтың шабысы топанханаға шекем».

(ол кем-кем Сәрдарға жақынлай береди.)

СӘРДАР: Сен маған кассетаны бер. Бәри жайында болады.

ГҮЛНАЗ: Мен берейин. Бир шәрт пенен...

СӘРДАР: Қандай шәрт?

ГҮЛНАЗ: Пистолетинди маған бересең. Баспа-бас алмастырамыз.

СӘРДАР: Солай ма?

(Гүлназ бас салып оның қолындағы пистолетке асылмақшы болады. Пистолет атылып кетеди. Гүлназ қулайды. Сәрдар аң-таң. Қорқыныш, жаўызлық, есаланлық сезилип турады. Күшли музыка. Сәрдар сыртқа жуўырады)

ДАЎЫС: Сен кимлерге оқ екенсең, муҳаббат,,
Сен кимлерге от екенсең, муҳаббат,
Жүреклери суўық жаўызлар ушын
Бул дүньяда жоқ екенсең, муҳаббат...

(Сәрдар қолына бензин қуйылған канистр алып кирип келеди. Музыка. Есиктен баслап сеўе баслайды. Атабайдың, Гүлназдың үстине де себеди. Жайдың ишиндеги ҳәмме жерге сеўип шығады. Атабай сәл-пәл қыймылдайды. Ол еплеп мылтықты қолына услап, Сәрдарға дуўрылайды. Сәрдар қалтасынан шырпы алып шағады, сол пайытта Атабай оны атады. Диийўалда қыстырылып турған дуўтар өзинен-өзи сыпырылып жерге түседи. Сәрдар қолында жанып турған шырпының шөби менен алдына еңтерилип қулайды. Жалынлап жанған от музыкасы «Қара жорға» намасы менен алмасады. Перде әсте-ақырын жабыла баслайды. «Қара жорға» сазы ҳәўижге шыққанда үш секунд иркиледи де тағы даўам етип кете береди. Бул өмир үзиледи, бирақ, ўақыт алдына шаўа береди дегенди аңлатыўы керек.)

Т А М А М

1-9- июль 2001-жыл
Нөкис

Баяғы бағлардан жалғыз қайтаман,
Үмит ушқынлары лаўлап қатадан,
Мухаббат қосығын саған айтаман.
Кеўлимниң султаны,
Кеўлимниң султаны өзиң қайдасаң.